Қыпшақбай Мәтмуратов

# *Ашкөзлик ақыбети*

Драма

# Қатнасыўшылар:

1. Н у р қ ы л ы ш – прокурор.
2. Д ә м е т к е н – наркобизнес пенен шуғылланыўшы ҳаял.
3. А й м е к е н – Дәметкенниң өгей қызы.
4. Г ү л м е к е н – Дәметкенниң қызы.
5. А с қ а р – Гүлмекенниң сүйген жигити.
6. Б е г д у л л а – Асқардың әкеси.
7. О р ы н г ү л – Асқардың анасы.

# Биринши перде
# Биринши көринис
# Прокурордың кабинети

Прокурор Н у р қ ы л ы ш , қолында «дело»сы, пәт пенен кирип келеди де орнына отырады.

НУРҚЫЛЫШ. Қатынды да тергей алмайтуғын тергеўши болады екен. Гилең мампыслар сениң! Юридикалық факультетке пара менен кирип, пара менен питкерген нәлет жаўғырдың балалары! Тергеўдиң ҳәтте «т» ҳәрибин де билмейди-әй! Күйип кетесең киси! Мен болмасам бул жерде ис жүриспейди!

«Дело»ны ашып, қағазларды бетлеп, оқып отырады. Қапы қағылады.

Кириң!

Д ә м е т к е н келеди.

ДӘМЕТКЕН. Ассалаўма әлейкум! Прокурор қәйним, бала-шағаңыз саў ма?

НУРҚЫЛЫШ *(қолын зорға берип).* Отырың!

ДӘМЕТКЕН. «Отыр» десеңиз отырайық, «тур» десеңиз турайық, «жат» десеңиз жатайық. Айыплы бола қалдық-ғо жүдә, *(жуўҳаланып)* я-а, қәй-ним?!…

НУРҚЫЛЫШ. «Муртына қарай — искеги, гүбисине қарай — пискеги» деген, қылмысыңыз жүдә аўыр!

ДӘМЕТКЕН. Искегиң болса — муртыңман, пискегиң болса гүбиңмен. Маған со, ириден туўрайтуғын өзиндей азамат керек. Айта бериң, қәйним.

НУРҚЫЛЫШ. Нәшебентлик затлар менен шуғылланыў – бул дүнья жүзи бойынша қадаған. Бул – үлкен жынаят!

ДӘМЕТКЕН. Мен сизди бурыннан сыртыңыздан таныйман. Нурқылыш атыңыз бенен елге даңғаралы азаматсыз. Өзи бир қурттай нәрсе-аў... Мен бир килалап сатып атырсам екен!

НУРҚЫЛЫШ. Оның азы-көбиниң парқы жоқ, жазасы бирдей. Себеби, зәҳәрдиң аты — зәҳәрдағы!

ДӘМЕТКЕН. Мениң атым Дәметкен. Бирақ, усы ўаққа дейин кисиден бирнеңе тәметип көрген нашар емеспен. Солай да болса сизден бир өтинишим бар, қәйним ...

Қапыны тегераң ашып, А й м е к е н сырттан тыңлап турады.

НУРҚЫЛЫШ. Ал, не өтиниш екен ол?…

ДӘМЕТКЕН. Адамлар: «Нурқылыш деген келиссең — дәрьядай кең, гүжимдей саялы» деседи. Сол қәсийетиңизден бизге де қурттай тамызың. Сөйтиң де аўзыңыздың толғанын айта бериң!

НУРҚЫЛЫШ. Жынаятыңыздың жүд-дә аўыр екенин билесиз, я?!

ДӘМЕТКЕН. Оннан қудай сақлағай!

НУРҚЫЛЫШ. Гәпти алып қашпаң! Жынаятыңыздың жүд-дә аўыр екенин билесиз бе?

ДӘМЕТКЕН. Билгенде қандай, қәйним.

НУРҚЫЛЫШ *(қатыўланып).* Жаңарақта «Бир килалап сатпадым, оның неси жынаят» дедиң ғой!?

ДӘМЕТКЕН *(жыламсырап).* Прокурор қәйним, мен сорлы енди түсинип киятырман. «Халық айтса қалп айтпайды» деген ғой, бизден де бир жақсылығыңызды аяман қәйним. Ата-баба: «Жақсылыққа жақсылық — ер адамның исидур, жаманлыққа жақсылық — шер адамның исидур» деп, бийкарға айтпағандур ақыры!

НУРҚЫЛЫШ. Ата-бабаның усынша даналықларын билер екенсиз. Демек, сиз ақылдан қуры алақан ҳаял емессиз. Солай ма?

ДӘМЕТКЕН. Бәлким солай шығар!

НУРҚЫЛЫШ. Сонда неге бул жынайый иске қол урдыңыз?

ДӘМЕТКЕН. Ашық-айдын айта берейин бе?

НУРҚЫЛЫШ. Айта бериң!

ДӘМЕТКЕН. Протоколға кире ме, кирмей ме?

НУРҚЫЛЫШ *(дөгерегин шолып).* Мине, екеўимизден басқа ҳеш ким жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Яқшы. Дүнья — көздиң қурты. Солай ма?

НУРҚЫЛЫШ *(қатыўланып).* Сораўды мен беремен! Даўам ет!

ДӘМЕТКЕН. Кешир, прокурор қәйним. Яғный, адамның дүньяға көзи тоймайды, көздиң тойыўына қурт қоймайды.

НУРҚЫЛЫШ. Ал, бул не сонда?

ДӘМЕТКЕН. Бул — бендешилик!

НУРҚЫЛЫШ. Сонда не, «бендешилик» деп ҳәмме усындай жынайый ислерге қол ура бериўи керек пе?

ДӘМЕТКЕН. Яғаў.

НУРҚЫЛЫШ. Демек, дүнья кимлер ушындур көздиң қурты. Солай ма? *(Дәметкен жуўап бералмай турады.)* Буған жуўап бере алмайсыз, я?!

ДӘМЕТКЕН. «Жуўап, жуўап, бералмайсыз» деп…

НУРҚЫЛЫШ. Жуўап берал-май-сыз! Себеби, дүнья, сиздей инсапсызлар ушын көздиң қурты! Халқымыз «дүнья — көздиң қурты», «бендешилик» демей-ақ, мәмлекет тәрепинен қадаған етилген иске қол урмай-ақ, эп-әнедей өз күнин көрип атыр ғой. Өзлериниң маңлай тери, табан ети менен этажлап жай салып, иномарка машиналар минип, миллионер боп кетип атырғанлары да баршылық! Ал, сиз, сиздей дүньяпаразлар, қалай болмасын дүнья табыўы керек, дүнья жыйнаўы керек! Сөйтип, дүньяға я өзи тоймай, я көзи тоймай, өлиўи керек! Өлиўи керек!!!…

ДӘМЕТКЕН. Қәйним…

НУРҚЫЛЫШ. Тоқтап турың, мен еле айтып болғаным жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Уҳ-ҳҳҳ!…

НУРҚЫЛЫШ. Жаңа алдында сиз: «Адамлар, Нурқылыш деген — келиссең дәрьядай кең, гүжимдей саялы деседи» дедиңиз. Дурыс па?

ДӘМЕТКЕН. Дурыс. «Маған да қол жабың, сөйтиң де аўзыңыздың толғанын айта бериң» дедим. Айтқан гәпимнен қайтатуғын мен емес!

НУРҚЫЛЫШ. «Келиссең» деген «пара» деген ғой солай емес пе?

ДӘМЕТКЕН. Солай болғанда қандай!

НУРҚЫЛЫШ. «Бөриниң аўзы жесе де қан, жемесе де қан». Буны билесиз бе?

ДӘМЕТКЕН. Әлбетте!

НУРҚЫЛЫШ. Бирақ, жемейтуғынлары гөрде! Буған қалай-сыз?

ДӘМЕТКЕН. Буны да билемен!

НУРҚЫЛЫШ. «Жолдасың қыйсық болса, бир көзинди қысып қара» деген. Мен де тири жанман, мениң де ғулқыным бар, берсе аламан. Бирақ, қан кести нырқ қойып сорамайман!

ДӘМЕТКЕН. Мен не, соратып турман ба? «Беремен» деп өзим-ақ айтып турманғо ақыры!

НУРҚЫЛЫШ. Әне, гәп усында дә!

ДӘМЕТКЕН. Түсинбедим?

НУРҚЫЛЫШ. Усы «парахорлық» деген мына сиздей адамлардан шыққан!

ДӘМЕТКЕН. «Сиздей адамлар» дегениңиз қандай адамлар сонда?

НУРҚЫЛЫШ. Олар усы сиздей, жынайый601 ислерди ислейди де, пулын алып жуўыра береди. «Алтын көрсе периште жолдан шығады» дегендей, сөйтип, сиз қусағанлар биздей периштени де жолдан азғырады!

ДӘМЕТКЕН. Жаным, баўырым, қәйним, мен сизди жолдан азғырып турғаным жоқ. «Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ болмас». Мен сизден кеширим сорап турман, өмиримниң ендиги жағында қор болмайын деп өтинип турман, жалынып турман, жаным!

НУРҚЫЛЫШ. Кеширилетуғын да, кеширилмейтуғын да ислер болады. Бирақ, сизиң гүнаңыз қатты аўыр!

ДӘМЕТКЕН. Гүнамның аўыр екенин өзим де билемен. Бирақ, кешириў, кеширмеў өзиңиздиң қолыңызда, бир азаматлық етиң, қарағым, астында қалмаспан!

НУРҚЫЛЫШ. Мен кешириўге болғандайларынан көп адамларды кеширдим. Халық арасында жақсы-жаман тилге сөйтип илиндим! Ал, сизиң мына қылмысыңызды кеширип, бәддуўаға ушырар жайым жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Ҳе, неге бәддуўаға ушырар екенсиз?!

НУРҚЫЛЫШ. Наркотик зат пенен шуғылланыў — бул адам өлтирген менен барабар. Бул жынайый исти мен тап усылай баҳалайман!

ДӘМЕТКЕН. Қапылтпаш!

НУРҚЫЛЫШ. Аўа! Бунын басқа теңеўи жоқ. Наркотик — бул әжел урығы. Ал сиз — сол әжел тухымын себиўшисиз!

ДӘМЕТКЕН. Ўай-ўай, маңлайым!...

НУРҚЫЛЫШ. Усы наркотик себепли дүньяда қанша адамлар кесел, қанша адамлар өлип атыр, қанша хожалық қыйрап атыр! Усының себебинен дүньяда, не-не ипласлықлар, не бир жынаятлар исленип атыр! Ҳәттеки, террористлик ҳәрекетлер де, усыннан нәр алып турса меннен көрмең!

ДӘМЕТКЕН. Нурқылыш, кешир қарағым! *(Жылап турады.)*

НУРҚЫЛЫШ. Яғный, наркотик — бул иллет, бул да — апатшалықтың бир түри. Сиз, сиз қусағанлар буны билесиз. Билсеңиз де билмегенге салып, халыққа иллет таратып, апатшылық әкеп сатасыз!

ДӘМЕТКЕН. Ўай-ўай қарағым, мен өлдим, мен өл-димм!... *(Нурқылыштың аяғына жығылып, шашын жулып жылайды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Тур, орныңнан! Жөгисиреме! Сизлердиң көкирегиңизде «инсаныйлық» ҳәм «халық» деген туйғы жоқ. Сизлердиң көкирегиңиз гөр, гөр, үңирейип турған гөрге айланған!

ДӘМЕТКЕН. Нурқылышжан, сол гөрге айланған көкирегимде жаным қалса болар, басқасының бәри сизики, тек усы бәледен қутқар, қарағым!

НУРҚЫЛЫШ. Адам адамды билип-билмей өлтиреди. Ал, сизлер, бул иплас ис пенен саналы түрде шуғылланасыз. Егер мениң қолымда болармеди, дүньядағы ең аўыр жазаны сизлерге қолланар едим! Қулласы-калам, жынайый исиң, ертең сотқа өтеди!

Қапы айқара ашылып, ақ қуўдай боп кийинген А й м е к е н киреди, Н у р қ ы л ы ш оның сулыўлығына лал болып қалады. Д ә м е т к е н буны сезип күлимсирейди.

ДӘМЕТКЕН *(ойнақыланып, Нурқылышқа).* Бул — мениң қызым А-й-м-е-к-е-н!

МУЗЫКА

АЙМЕКЕН. А-па!...
ДӘМЕТКЕН. Қызым!...

Олар бири-бирин қушақлап жылайды. Прокурор қызға ышқы кетип қарап турады.

ПЕРДЕ

## Екинши перде
## Көринис
## Дәметкенниң үйи.

Үй — бай хожалық. Төрде ҳәм төрдиң оң жапсарында еки қапы көринеди. Бир шетте телефон тур, ортада стол. А й м е к е н жағын тиренип ойланып отыр, сөйлениўи менен Д ә м е т к е н келеди.

ДӘМЕТКЕН. Сол барыўың менен мени гөр аўзынан алып қалғандай болдың, қызым. Ўа-ҳа-ҳа!...

АЙМЕКЕН *(мысқыллы).* Үсийтип күниңизге жарап турсақ болды-да, апа!

ДӘМЕТКЕН. Айналайын айым, күним дейди мениң, қорғаным дейди! *(Аймекенди сүйип-сүйип алады.)* Сен болмағанда, ўақытша болса да бундай бостанлық қайда бизге?!

АЙМЕКЕН. Ал, бунның ендиги жағы не болар екен?

ДӘМЕТКЕН. «Бәрин де ал» дедим. Ҳеш нәрсеге буғар бәле емес!

АЙМЕКЕН. Апа, мен сизге усы «наркотик» деген бәлени қой, қой дедим! Усының менен екинши рет тутылыўыңыз!

ДӘМЕТКЕН. Болар ис болып кетти қызым. Енди, мың өкиништен бир пайда жоқ!

АЙМЕКЕН. Онда не қыламыз?

ДӘМЕТКЕН. Сездиң бе, сен кирдиң, ол сеннен көзин алалмай қалды. Абайладың ба? *(Жуўҳаланып күледи.)*

АЙМЕКЕН *(ашыўланып).* Қойш апа!

ДӘМЕТКЕН. Сөйтип ол қармаққа илинди, ендиги жағы сениң қолында, қызым! *(Күледи.)*

АЙМЕКЕН. Оннан өлгеним жақсы! Сен мени екинши рет биреўдиң қойнына апарып тығажақсаң!

ДӘМЕТКЕН. Неғыл дейди! Әй, не деп турсаң сен?!

АЙМЕКЕН. Билесең не деп турғанымды. Өзиңниң қылған исинди билмей қәйтесең, сен бәрин де билесең, апа!

ДӘМЕТКЕН. Сандалама, онда мен мәс болып қалдым, ҳеш нәрсени де билмеймен!

АЙМЕКЕН. Билесең. Ҳәммесин де өзиң уйымластырдың! Жазаланып кетиўден қорқып, соттың қойнына апарып мени тықтың. Сол кисиден жүкли болып қалғанымда, аяғы күйген таўықтай болып зыр жуўырып, докторларға пара берип, ишимдеги баланы алдыртып таслаған да өзиң емес пе? Мен ол ўақытлары, еле тулымшағы жыйылмаған, он гүлимнен бир гүлим ашылмаған, оныншы класс ғана қыз едим-ғо, апа жан-аў...

ДӘМЕТКЕН. Жаланды қой маған, ҳәммесин баслаған өзиң! «Қуламет аға, Қуламет аға» деп жыртаңлап, мени де елемей ең кейнинде дизесине минип отырдың!

АЙМЕКЕН. Сонда не, сениң сол сотынды қонаққа шақырған да мен бе?

ДӘМЕТКЕН. Мен, мен шақырдым! Бирақ, сол соттың қойнына, сени мен тыққаным жоқ ғо!…

АЙМЕКЕН. Апа-аў, не деп отырсаң, я, не деп отырсаң апа жан-аў?!…

ДӘМЕТКЕН. Қай қулағың менен еситсең, со қулағың менен есит, болғаны сол!

АЙМЕКЕН *(Дәметкенниң өзи болып).* «Қуламетжанға закуска әперип отырса, ағаңа жақынырақ отырса» деп, жыртаңлатқан өзиң ғо! «Ағаңның қолын қайтармаса, алса, алағойса» деп, «Наполеон» арақты ишкизген өзиң ғо, апа-аў!

ДӘМЕТКЕН. Сонда не, сениң аўзыңа мен қуйдым ба?!

АЙМЕКЕН. Дурыс, аўзыма қуйғаның жоқ. Қуламеттиң қойнына да сен тыққаның жоқ, дурыс. *(Ғәзепленип.)* Мен өзим бардым, әне, сөйтип, өз ар-намысымды өзим былғадым. Енди не, кеўлиң кеншиди ме? Оның есесине сен, жынайый исиңнен қутылып, соттан ақланып шықтың! Енди не, кеўлиң толды ма?!…

ДӘМЕТКЕН. Ўәй, питип кеткен қотырды қасып не қылайын деп едиң, ўай не қылайын деп едиң? Сол Қуламет болмаса, және бир Қуламет қусаған менен бәри-бир сондай болар едиң ғой. Сен турмысқа тереңирек нәзер сал. Сеннен де сулыўлары ҳәзир темир жол вокзалы, аэропорт вокзалы жақларда бир-еки қағаз пул ушын тәнин сатып, күн көрип жүр. Сен маған қара, және де олар ҳәр күни сол исти талап етип, көшеге шығады. «Күн-көрис» деген — қатал ҳәким. Мәжбүр соған! Ал, мениң саған «Қуламеттиң айшы-ишретинен» алты жыл өткеннен соң ғана исим түсип тур ғой! Нашар заты, билсең, еркек ушын жаратылған. Ҳәзир қайсы бир нашар етегине намаз оқып жүр жүдә!

АЙМЕКЕН. Неге сен мениң ҳәзирги жағдайымды турмыстың пәс, иплас тәреплери менен қиsurvey

шақырткың келеди?! Онышшы класста оқып жүргенимде мениң гөззал әрманларым бар еди: эҳ, бир жақсы жигитке басымды шатып, журт қатары бала-шағалы болып кетсем! Улымды — уяға, қызымды қыяға қондырып, бахытлы дәўранлар сүрсем! Неге сол әрманым менен ҳәзирги жағдайымды салыстырмайсаң?!

ДӘМЕТКЕН. Баланды алдырттаннан соң Университетке кирдиң, оны питкердиң, енди бир мәкемеде ислеп атырсаң. Астыңа машын әперип қойыппан. Ҳе, жаман болды ма?! Соннан сол ис жабылмай, мен сотланып кеткенде көрер едим ҳалынды! Көп болса, әлле неткен бир үрпек басқа тийип алып, таяғынды ийт ғайзап, бир тапқаның бир тапқаныңа жетпей, көшелерде лолылардай саңғып жүрер едиң-аў!

АЙМЕКЕН. Сонда да, ҳәзирги күнимнен шүкирлеў болар еди!

ДӘМЕТКЕН. «Көп сөз ешекке жүк», гәпти туўар қәне! Айтқан жумысты питкересең бе жоқ па?!

АЙМЕКЕН. Жоқ. Соқыр ҳассасын бир мәртебе жоғалтады. Онышшы класста тәжирийбесизлигим себепли қылған исиме Университетти питирип, ақыл жүриткен дәўиримде енди ҳасла қәдем баспаспан!

ДӘМЕТКЕН. Мен және де тәкирарлайман: айтқан жумысты питкересең бе жоқ па?!

АЙМЕКЕН *(мырс етип).* «Туўмағанның түби ойран» деген усы екендағы!

ДӘМЕТКЕН. Не?!... Қар-рық!... Енди сен маған сөйдейсең бе?! Ондай болса, туўғаның ким? Айт қәне! Туўған анаң ким сениң, аты ким, билесең бе?! Сағынғанында түсиңе не енеди? Ийт пе, я қус па?

АЙМЕКЕН. А-па!...

ДӘМЕТКЕН. Абыс! Ҳаў, мен сени қундағында шырлап атқанында, үйдиң алдындағы мына боқлықтан таўып алдым-ғо! Қустың жолы бир басқа, ол палапанын уясынан ушырып болып, мәнзилин силтеп жибереди. Ийт те өз баласына, өйтип ийтлик етпес! ... Қарасам, аппақ болып бир буўат нәрсе жатыр. «Ҳ-е,

қағазға орап нан таслаған екен-аў, тойып секирген адамлар үсийтетуғын болып баратыр» деп ойладым дәслеп. Яқ, жақынлаған сайын қыймылдағандай болды, жүдә нәзик, өлимсиреген ҳалатта ингалап жылаған сес шығады. «Ҳаў!», дедим де, қолымдағы тасланды толы шелекти қоя сала жуўырып барсам: нан емес, нәресте! Гилең тасланды, боқлықлардың арасында жатырған адамның баласы — бул сен, сен един!

АЙМЕКЕН. Ҳаў, «Туўыў үйи»нен алдым» деген жоқпа един, апа?!

ДӘМЕТКЕН. Ҳеш болмаса, еситер қулаққа боқлықтан гөре «Туўыў үйи» деген тәўир ғой деп ойладым, қызым! Жаздың күни болса да таң салқын еди. Көп жылағансаң ба, я тоңып қалғансаң ба, көгерип кетипсең. «Тасланды ғой» деп қалдырып кетпедим. «Жаным» деп жыллы баўырыма бастым, «гүлим» деп ийискедим, мөп-мөлдир, қап-қара көзлеринди аштың. «Айналайынлап» аймалап, айдан да зияда болғайсаң деп, атынды Аймекен қойдым, қызым! Мине, бүгинлигинде «Туўмағанның түби ойран», бийгана болып қалыппыз! *(Жылайды.)*

АЙМЕКЕН *(жылап).* Кешир апа!

ДӘМЕТКЕН. Мен бул гәпти ҳеш айтпас едим, мине сен кеўлимди тырнадың, аўзымнан шығып кетти. Сени Гүлмекенимнен сирә кем көргеним жоқ. Ишпегенимди ишкизип, киймегенимди кийгиздим, астыңа машина әперип, бахытлы қылып қойыппан. Ана деген мендей-ақ болар, кемисиң болса айт, қәне!

АЙМЕКЕН. «Бахыт» деген сениң бул айтқанларыңнан ибарат емес қусаған, апа!

ДӘМЕТКЕН. Енди неден ибарат?

АЙМЕКЕН. Дурыс, пулсызға — пуллы болыў, машинасыздың машиналы болыўы бул да бахыт шығар. Бирақ, ең баслы бахыт, турақлы бахыт — ар-намыс ҳәм ҳүждәнда екен.

ДӘМЕТКЕН. Ҳе, айтабер, Университетте оқып, ақыллы болып кетипсең жүдә! Сол «ар-намыс» дегенди ишип-жеп болмайды, жылтыратып кийип болмайды, астыңа минсең — машина, келсең — мынадай дәске, гүмбирлеген жай болмайды!

АЙМЕКЕН. Астымда — машын, небир қызлардың көзлерин қыздырып айдап жүриппен. Қалтамда жарақлаған пул — онлысолыма шаша аламан, бирақ мен бахытсызбан! «Ар-намыс», «ҳүждан» деген сөзлердиң қандай қүдиретли екенлигин мен енди сезе басладым, апа! Буннан онлаған жыл бурын мениң намысыма дақ түсти — сол себепли мениң бетим ширкеў, адамлардың арасында басымды тик услап жүре алмайман. Қатар-қурбыларым арасында мен ҳаққында қандай сөзлер гүжип атырғанын еситпесем де, сеземен. Сениң кесириңнен өмирбаянымда мөҳирленип қалған сол бир иплас қатарлар мениң келешегимди зәҳәрлемекте. Мени унатып қалған жигитлер шешиўши адымға келгенде гибиртиклеп қала береди. Турмыс қурып кете қойғанымның өзинде де келешегиме исеним жоқтай. Хожалықтың дәнекери, енди бала туўа алыўым да дәргүман.

ДӘМЕТКЕН *(мысқыллы).* Дым тереңнен сөйлеп кеттиң, мен сорлы дым уқпадым. Айтшы, мениң айыбым не сонда?

АЙМЕКЕН. Сизиң ҳеш қандай айыбыңыз жоқ, не қәтелик ислесем, бәрине де өзим айыплыман! Ақ сүтиңизди бермесеңиз де алақан сүтиңизди бердиңиз, сиз болмағаныңызда қундағымда, дүзде өлип қалатуғыным турған гәп. Жақсылығыңызды о дүнья, бу дүнья умытпайман, пәтияңызды бериң: мен үйден кетемен, апа!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў, не, не?!

АЙМЕКЕН. Ырас, урықсатымды бериң апа. Өлмесем жақсылығыңызды бир қайтарарман!

ДӘМЕТКЕН. Жақсылығымды қайтарсаң бүгиннен қолай күн жоқ. Оннан соң — төрт тәрепиң құбла!...

АЙМЕКЕН. Яқ, ол хызметиңизди атқара алмайман! Ар-намысыма дақ үстине дақ түсире бергим келмейди.

ДӘМЕТКЕН. Не, сен бир бетиниң қылаўы кетпеген қыз ба едиң!... Сөйтсең, еншинди де беремен, өз алдыңа жай да әперемен! Астындағы қоңыздай болған әнеўбир «Матиз»ди биреўге ылақтыраман да, саған «мине» деген «Нексия» әперемен! Тап мәлийкадай болып дәўран сүресең. Байсыз қаламан деп ҳасла қорқпа, барлық нәрсени жарақлаған пул ҳәм дүнья-мал

шешеди: «Орайлық базар»ға барып, «Нексия»дан шығып, «ҳай» деп қыйғырсаң болды, жүзлеген жигит-желең «мени қәле, мени таңла» деп тап-тайын болады! Ўа-ҳа-ҳей! Ҳе-ҳе-ҳей!

АЙМЕКЕН *(жийиркенишли нәрселерди еситип турғандай қолын бир силтейди).* Сениң усындай, барлық нәрсени пул, мал-дүнья менен өлшейтуғыныӊ бардә, апа. Маған сениң ҳеш нәрсең керек емес!

ДӘМЕТКЕН *(пәтленип).* Ҳе, енди не керек?

АЙМЕКЕН. «Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқан соң» ... Бәлким адасқан шығарман, бәлким!… Яқ, буны сизден көрмеймен, келиспеген талайымнан, ашылмаған маңлайымнан көремен, өзимнен көремен! ... Коньяк ишпеўим керек еди ... Ендиги жағында мен де адам болып, турмысқа шықсам, халық қатарына қосылсам деймен. Енди бизге сүйип қосылыў қай-да, еплеп уясы дүзиў биреў табылып, етегине асылағойсам, көтерип кетемен бе деп те әрман етемен, апа! *(Жылайды.)*

ДӘМЕТКЕН. Асырадым, сақладым, айналайын, усы өтинишиме «яқ» деме, болмаса мен түрмеде шириймен ғо, қызым-аў!… *(Жылайды.)*

А й м е к е н бираз ойланып турады. Ойшыл музыка жараңлайды.

АЙМЕКЕН. Яқшы, өтинишинди питкеремен апа!

ДӘМЕТКЕН *(қуўанып).* Ҳә, әне, мениң айтқанымды қыла бер қызым, қор болмайсаң, бахытлы боп кетесең, қуда қәлесе!

АЙМЕКЕН. Жақ, апа, сен мени түсинбей қалдың. Мен сениң барлық гүнанды, өз мойныма алып, орныңа өзим сотланайын. Прокурор менен соған келис, апа!

ДӘМЕТКЕН. Не дейсең, не деп турсаң сен!

АЙМЕКЕН. Басқа иләжым жоқ, мени қыйнама апа. Мен болары болып, бояўы сиңген адамман, маған бәле келмес. Сен сотланып кетсең, Гүлмекен қор болады. Бул — ҳәммеге де жақсы, ең дурыс жол, басқа жолы жоқ бунның!

ДӘМЕТКЕН. Олай қылагөрме, қызым. Мен араласып

жүргеннен кейин соттағылардың пейли-әпқалын жүдә жақсы билемен. Олар сениң бул сөзлериңе исенбейди. Шуқылап сорайды, қазбалап тергестиреди, ақырында сеннен өтип, маған келеди. Ақыбетинде, екеўимиз де сорлап қаламыз, қызым, сорлап!

АЙМЕКЕН. Сонда не дейсең, апа?

ДӘМЕТКЕН. Бул сеннен мениң ең соңғы өтинишим. Анаңның усы өтинишине қулақ ас, қы-зым!

АЙМЕКЕН *(ойшыл ғана).* Мени тасландыдан таўып алып, өз қызындай етип тәрбиялаған сизге жүдә миннетдарман ҳәм алдыңызда қарыздарман. Қарызымды өтеў ушын сиз айтқан иске таярман. Яқшы, прокурорыңды шақыра бер, апа!

ДӘМЕТКЕН. Демек келистик ғо?!... Әне, ақылыңа жаңа ендиң!... *(Телефон шыңғырлайды, Дәметкен телефонға барады.)* Алло, Нурқылышжан!... Күтип отырмыз ғо! ... «Қолайсыз»? Ҳаў, қолайсыз деп кимнен қолайсыз болады? Жә-әққ!... Ўай қоңсы деп, мениң үйиме кимниң келип, кимниң кеткени менен не жумысы бар, адамлардың! Енди, олай демесе қарағым, ҳеш болмаса ярым саатқа келип, аўыз тийип кетеғойса. Аўа, яқшы, күтип отырамыз! *(Жылап атырған Аймекенниң қасына барады.)* Қараспанды жерге түсире бермеш жүдә! *(Муңлы ғана қызының бетинен сүйип-сүйип алады.)* «Аман болса басымыз, тағы шығар шашымыз» деген, қызым. «Өмир — бул жарыс», солай екен, дизгинди қолдан жаздырмай, буны ат етип шаппақ керек!

АЙМЕКЕН. Дизгиним қашшан-ақ қолымнан кеткен ғо, апа. Ҳеш болмаса, баяғыда баламды алдыртпасаң болады ғой!... *(Жылайды.)*

ДӘМЕТКЕН. Яқшы, яқшы, бар. Өзинди дүзестириңкиреп былай кийинип отыр.

А й м е к е н кетеди. Д ә м е т к е н ойланып жүреди.

Усы бийшараға обал бола ғойды. Не иләжым бар енди, өйтпесем өзим кетип баратырман. Алданар, умытар деп машина әперип

атырман. Яқ, бир нәрсе болса болды, «биринши баласын алдыртқан нашар, бала көтермейди екен» деп жылай береди, жылай береди. Усыннан бир қутылып кете ғойсам!...

Кетеди. Алма-жүзим, арақ-коньяк, шай әкелип столды безеп жүреди.Сырттан машинаның даўысы еситиледи.

Келдиме деймен?! *(Қапыға таман барады.)*

Н у р қ ы л ы ш келеди.

НУРҚЫЛЫШ. Ассалаўма әлейкум, жеңге!

ДӘМЕТКЕН. Ўалейкум-ассалам, қәйним!...

ЕКЕЎИ. Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!... *(Қушақ ашып, сүйисип көриседи.)*

ДӘМЕТКЕН. Кел, төрле қарағым, төрле! *(Епелеклеп жүрип, гүрси қояды.)* Тап, мынаған отырың. *(Шай қуйып береди.)* Ал, ишип отырың!

НУРҚЫЛЫШ. Рахмет!

ДӘМЕТКЕН. Мен, ҳәзир! *(Кетеди.)*

НУРҚЫЛЫШ *(жайдың ишлерине қарап).* Бай-бай, бу не деген жай, не деген дәске! Булар деген, бизлерден де бай турады екен!...

Еки қолында еки ыдыс, Д ә м е т к е н келеди.

ДӘМЕТКЕН *(қолындағыларын столға қойып).* Мынаў — қара икра, мынаў — қызыл икра!

НУРҚЫЛЫШ. О-ҳоо!... Зорсыз, жеңге, зорсыз!

ДӘМЕТКЕН. Аўа-дә, сизлердей жигитлердиң күтимин еле умытқанымыз жоқ!

НУРҚЫЛЫШ. Икра деген жемей жүрген затымыз емес. Бул садағаң кетейинлердиң күши, турысы менен оқ ғой, оқ! Енди бунын ақ қууўы кемис-тә! Я, жеңге, табылармекен?! Ҳе-ҳе-ҳе! *(Күледи.)*

ДӘМЕТКЕН. Бизде не жоқ дейсең қәйним. Тек, кешегидей бир исли болып, қапа болыңқырап жүрмиз, болмаса бәри де табылады!

НУРҚЫЛЫШ. Оны қойш жеңге! Ол ис — бизиң бир қолдың, бир епкини менен питетуғын нәрсе! *(Қолын сермеп жибереди.)* Оннан да, қәйнинди бүгин бир йоштыр, ақ қуўың келсин!

ДӘМЕТКЕН. Ертең, «Қайда көрдим қара ешки» болып кетпейсиз бе, әйтеўир?!

НУРҚЫЛЫШ. Яқ, ондай ийтлик бизде жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Онда мынаны алып жиберейик!

НУРҚЫЛЫШ *(рюмканы алып).* Яқшы, бахыт ушын!

ДӘМЕТКЕН. Яқшы! *(Ишип қояды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Рах-мет! Мине!... *(Закуска береди.)*

ДӘМЕТКЕН *(закусканы жеп болып).* Мен ҳәзир!... *(Кетеди)*

НУРҚЫЛЫШ *(қолында рюмка, онын изинен қарап турып).* Буны бирден сотлатып жибериўим керекпеди?! Яа-ақ, со, кешеги ойым дурыс-аў. Бундайларға бир жаза аз! Буны өтпейтуғын пышақ пенен сойғандай етип, қыйқалай бериў керек, қыйқалай бериў керек! Оның ушын биз, тәбияттан үлги алыўымыз керек: тышқанды тутқан пышық оны дәрриў жеп қоймайды; әри-бери түртеди, қашып баратырса, және устайды — сөйтип хорлап, масқаралап ҳәм силикпесин шығарып, оннан соң барып бассалады. Мен де сондай қыламан: буның қызын қатынымдай етип, қәлеген ўақтымда келип тураман, пулын да аламан! Оннан кейин Дәметкен не қылады? Маған исенип, бурынғы исин қайттан гүжитеди! Ал, оннан соң барып буны түрмениң төрине жиберемен! Әне, бундайларға ең әдил жаза усы!

Ҳәсиретли музыка. Әстен қәдемлеп А й м е к е н келеди. Ол диван таманға барып халатының белбеўин шеше баслайды.

НУРҚЫЛЫШ *(коньяк қуйып болып, қызға усынады).* Алың, кеўлиниз тассын!... Кеше мен сизди бир көриўденақ аңсарым аўып қалды. Мен енди прокурор емеспен, сизиң қулыңызбан!...

Қыз коньякты ишеди, Н у р қ ы л ы ш оны қушақлайды.
Шырақ әсте-ақырын өшеди.

## Көринис

А й м е к е н н и ң өжиресинен костюмын кийип, галстугын дурыслап
Н у р қ ы л ы ш шығады. Столға келип коньяк қуяды.

НУРҚЫЛЫШ *(өз-өзине тост айтып).* Ал, Нуреке, келешегиң келешектеги Әмиўдей бурқасынлап, баяғы Аралдай тассын. Қалтаң пулға, қушағың — қызға толсын. А-ҳ, садаған кетейин, аҳ-ҳҳ!...

Коньякты заңқ қояды, Д ә м е т к е н келеди.

ДӘМЕТКЕН. Нурқылышжан, кеўил хошлықлар қалай?

НУРҚЫЛЫШ. Әй, енди!... *(Күледи.)*

ДӘМЕТКЕН *(жуўҳаланып).* Бир өзиң қотара бермей қуйөссе, сениң менен биз де бир дүгистирейик!

НУРҚЫЛЫШ. Сиз айтқанда жан барма, мине, мине!...

Н у р қ ы л ы ш коньяк қуяды, сырттан Г ү л м е к е н келеди.

ГҮЛМЕКЕН. Сәлем бердик!

НУРҚЫЛЫШ *(қыздың сулыўлығына таң қалып).* Ҳаў, сәлем, сәлем!... Сизиң қызыңыз ба?!...

ДӘМЕТКЕН. Аўа, кишкене қызым-ғо, аты Гүлмекен, университеттиң екинши курсында, филологияда оқыйды.

НУРҚЫЛЫШ. О-ҳо, питкерип шыққаннан кейин тилден сабақ береди екен ғо онда я?!

ДӘМЕТКЕН. Аўа, тилден береди!

НУРҚЫЛЫШ. Мәйли, неден берсе, одан берсин. Аты Гүлмекен дейсиз, я?!... *(Қызға қарап турады.).*

ДӘМЕТКЕН. Аўа, аты Гүлмекен!

НУРҚЫЛЫШ. Ат қойыўға ямана шебер екенсиз-әй. Бир қызыңыз Аймекен, бир қызыңыз Гүлмекен. «Бири айдай, бири гүлдей болсын» дегенсиз-ғо, бәле, я? *(Күледи.)*

ДӘМЕТКЕН. «Жақсы нийет — ярым ырыс». Аўа, солай-ғо!

НУРҚЫЛЫШ. Мине, ырасында да Аймекениңиз басқа-дә, мына Гүлимжан — өз алдына бир төбе. Гүлдей дөнип тур, мине гүлдей-аў! Гүлмекен кел, кел қарындасым отыр! *(Гүрсини алып епелеклеп жүреди.)*

ГҮЛМЕКЕН. Рахмет.

ДӘМЕТКЕН. Қой, буған бизлер менен отырыў еле ерте. Жүр, қызым!...

Д ә м е т к е н Г ү л м е к е н д и ертип кетеди.

НУРҚЫЛЫШ. Бул сарымайдай сақлап отырған қызы екендағы!... Бизди алдарқатып, қаймағын қәстерлеп қойғанын көрдиңбе, буның! Ҳә-ә!!!...

Ойланып, ерсили-қарсылы жүреди. Д ә м е т к е н келеди.

ДӘМЕТКЕН. «Отырып аўқатынды ишип, сабағынды таярлай бер» деп келдим қызыма. *(Рюмканы қолына алып.)* Нурқылышжан, усының менен биз мойындағы бәледен қутылған есабымыз-ғо. Қәне, соның ушын алып жиберейик!...

НУРҚЫЛЫШ. Яқ, оның ушын алалмайман!

ДӘМЕТКЕН. О неге? Ҳаў!... *(Күледи.)*

НУРҚЫЛЫШ. Минекей, ҳәзир ойланып қарасам, сизиң айыбыңыз анаў-мынаўға пите қоятуғын жеңил айып емес екен.

ДӘМЕТКЕН. «Бул — бизиң қолдың бир епкини менен питетуғын ис» деп жаңа емес пе өзиңниң айтқаның, ҳаў?!

НУРҚЫЛЫШ. Яқ, өйтип сизиң орныңызға түрмеге кеткендей жағдайым жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Қаяқтағыны айтпаса, қарағым-аў!

НУРҚЫЛЫШ. «Қаяқтағыны айтпа» деп, өзиңиз бир тамаша қатын екенсиз-әй! Сиз бурыннан есапта бар адамсыз, сонлықтан сизиң тутылғаныңызды ҳәмме биледи. Мен прокурор болған менен басым екеў емес!

ДӘМЕТКЕН. Сонда усындай менен шуғылланып жүрген мениң бир өзим бе, басқаларының ҳәммесин қамап болдыңыз ба?!

НУРҚЫЛЫШ *(бирден «сен»ге өтип).* Әй, сен өзинди билсе, өзинди! Я, маған асылғың келип тур ма?! Болды, басқа жолы жоқ, сотланасаң!

ДӘМЕТКЕН. Мен бир ойын шығар десем!...

НУРҚЫЛЫШ. Ойынды түрмеде — тикенек сымның аржағында ойнайсаң!

ДӘМЕТКЕН. Онда жаңағы менен питпей ме?

НУРҚЫЛЫШ. Сен қатында мий жоғаў, сә!

ДӘМЕТКЕН. Ҳе?!

НУРҚЫЛЫШ *(суқ бармағы менен шақырып).* Бармағымды десем болды, сүйириктей нешше қыз жалаңашланып өзлери келеди. Сенәм «қызым бар» деп жүрсең-аў!

ДӘМЕТКЕН. Усы сөзиң ушын лашымды тап бас прокурордың алдына барып тасласам қәйтесең!?

НУРҚЫЛЫШ. Бас прокурор ғой, бас прокурор, ертең мениң алдыма да кире алмайсаң!

ДӘМЕТКЕН. Не ушын?

НУРҚЫЛЫШ. Гүнаң мойнында тур, сени ҳәзир қаматаман, ойнаған екенсең! *(Кетпекши болады.)*

ДӘМЕТКЕН. Кешир, қарағым, аўзымнан шығып кетти, кешир! *(Жылайды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Кеше, «жақсылыққа жақсылық — ер адамның исидур, жаманлыққа жақсылық — шер адамның исидур» дедиң бе, демедиң бе?!

ДӘМЕТКЕН. Аўа, дедим, қарағым, дедим!

НУРҚЫЛЫШ. Сол айтқандай, сениң жаманлығыңа жақсылық қылайын десем, сен өзиме асылып киятырсаң-ғо!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў, мен саған ҳеш жаманлық қылғаным жоқ-ғо!

НУРҚЫЛЫШ. Сен маған не жаманлық қылаласаң! Әй, шашы да келте, ақылы да келте, ақмақ! Сен маған емес, елге наркотик деген иллет тарқатып, халыққа жаманлық қылып отырсаң, халық-қа!

ДӘМЕТКЕН. Нурқылышжан, кешир, кешир қарағым! Усы жайдың иши толы дүнья. Пул да бар, алтын да бар — бәри де бар. Ҳәммесин ал!

НУРҚЫЛЫШ. Буларды сирә берип турсаңғо, яқ!

ДӘМЕТКЕН. Онда, және не керек, тоқетерин айт!

НУРҚЫЛЫШ. Гүлмекениң, Гүлмекениң керек!

ДӘМЕТКЕН *(ҳайраны шығып).* Гүлме-кен!...

НУРҚЫЛЫШ. Аўа!

ДӘМЕТКЕН. Қандай иплас, қандай жаўыз адамсаң!... Мен анаман ғой!

НУРҚЫЛЫШ. Ана?! Сен анамысаң?! Аналығың, жаңа ядыңа тусти ме? Аймекенинди шығарып берерде неге айтпадың усыны?! Яқ, сен адам да емессең, ана да емессең! Байлық ушын өз етинди өзиң жеўден де қайтпайтуғын мақлуқсаң сен!

ДӘМЕТКЕН. Аймекен туўған қызым емес, тасланды!

НУРҚЫЛЫШ. Еле солай ма?!... Ҳе-ее, гәп қайда жатыр!... Анаман дегенше албаслыман десеш!

ДӘМЕТКЕН. Мен оны бақтым, қақтым, халық қатарына қостым. Енди, қалай жумсайман десем де ҳақым бар!

НУРҚЫЛЫШ. Сен тек, халыққа иллет тарқатыўшы ғана емес, ал адам жалмайтуғын албаслы иретинде де сотланасаң!

ДӘМЕТКЕН. Ҳә-әә!... Сөйтип, биз сотланып кете беремиз-ғо, солай ма?!

НУРҚЫЛЫШ. Ҳақыйқат!

ДӘМЕТКЕН. Қызларды зорлағанның статьясын билесең бе?

НУРҚЫЛЫШ. Ҳақыйқат!

ДӘМЕТКЕН. Билсең, әне сол статья менен өзинди сотлатаман!

НУРҚЫЛЫШ. Не?!... Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!...

ДӘМЕТКЕН. Ҳе, не неси бар?! Сен мениң мойнымдағы айыбымды «жабаман» деп он мың доллар пара алдың. Оған қызларым гүўа! Жаңа үйге келсем, үлкен қызымды зорлап атырғаныңның үстинен шықтым. Оған өзим гүўаман, өзим! Әне, саған ийтлик керек болса! Ҳәзир милицияға хабар етемен де, судмедэкспертизаға апартып, қызымды зорлағаныңды тастыйықлатаман. Ойнаған екенсең!... *(Жулқыныўы менен телефонға барады.)*

НУРҚЫЛЫШ. Қой!...

ДӘМЕТКЕН. Қоймайман! *(Телефонды таўлайды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Бирақ, өкинесең! *(Пәрўайы пәнсери турады.)*

ДӘМЕТКЕН. Алло!...

ТЕЛЕФОН. Дежурный милиционер, сержант Сулайманов тыңлайды!

ДӘМЕТКЕН. Жаңа жумыстан келсем, үйимде қызымды зорлап атырғаның үстинен шықтым!

ТЕЛЕФОН. Мәкан жайыңыз?

ДӘМЕТКЕН. Ақтал тоқсан тоғыз.

ТЕЛЕФОН. Фамилияңыз?

ДӘМЕТКЕН. Мергенбаева Дәметкен!

ТЕЛЕФОН. Кими боласыз?

ДӘМЕТКЕН. «Қызым» дедим ғо, соннан түсине бермейсиз бе?! Анасыман, ана-сы!

ТЕЛЕФОН. Ҳәзир барады, күтиң!

ДӘМЕТКЕН *(телефонды ашыўлы қойып).* Мени ким жеңсе де адамшылық пенен жеңеди. Усы жасыма дейин ҳеш ким ийтшилик пенен жеңген емес!

НУРҚЫЛЫШ. Биз де сондаймыз! Енди мениң ғайратымды көр! *(Телефонды алып таўлай баслайды.)*

ДӘМЕТКЕН. Ҳе, не қылажақсаң?!

НУРҚЫЛЫШ *(мысқыллап).* Түрмеге кетейин деп турман. Үй менен хошласажақпан!... Алло!

ТЕЛЕФОН. Сержант Сулайманов тыңлайды!

НУРҚЫЛЫШ. Прокурор Нурқылыш Балтабаевпан!...

ТЕЛЕФОН. Ҳаў, ассалаўма-әлейкум, хызметиңизге тайынбыз, ақсақал!

НУРҚЫЛЫШ. Жаңағы Ақтал тоқсан тоғыздан Мергенбаеваның хабарынан тәшўишленбей-ақ қойың!...

ТЕЛЕФОН. Хабары әжеп тәўир-ғо, ақсақал. Ким екен өзи, таныйсыз ба?

НУРҚЫЛЫШ. Бизиң бир апайлар-ғо, болажақ күйеў баласына ашыўланған!

ДӘМЕТКЕН. Өтирик, өтирик!...

Ол бақырып атырғанда, Н у р қ ы л ы ш оған телефонды тутып турады.

НУРҚЫЛЫШ. Әне, еситтиң бе, өзи де өтирик деп атыр! *(Дәметкенге.)* Ис көрейин демесең, тынышыңа тур! *(Телефонға.)* Хызмет сол еди, саламат бол!

ТЕЛЕФОН. Яқшы, саламат болың! *(Телефон жабылады.)*

ДӘМЕТКЕН. Яқ, мен қайтадан хабарлайман! Сени алдады, өтирик айтты деймен, бер телефонды!

НУРҚЫЛЫШ *(телефонға жақынлатпай).* Яқшы, мен саған бир-еки аўыз айтып алайын, оннан соң хабарлай ғой!

ДӘМЕТКЕН. Бирақ, қанымды қыздыра бермей тоқ етерин айт!

НУРҚЫЛЫШ. Яқшы. Ал, сен милицияға хабар бересең, ҳәммемиз судмедэкспертизаға барамыз. Олар қызыңды тексерип болып, анализиңниң жуўмағына «ертең кел» дейди. Әлбетте, солай дегиземиз. Себеби, «Ғарға ғарғаның көзин шоқымайды», оны өзиң жақсы билесең. Ал, ол анализдиң жуўмағы ертеңине бизиң пайдамызға шешиледи!

ДӘМЕТКЕН *(ашыўлы).* Ал соннан?...

НУРҚЫЛЫШ. Мен бүгинги исти ертеңге қалдырыўды дым жек көремен. Ертеңди күтпей-ақ, бүгин түни менен үйиңе тинтиў жүргиздирип, жайың, дүнья-мүлкиңниң бәрин мәмлекет пайдасына

өндирип, өзинди қаматып, исинди судқа өткеремен! *(Телефонды Дәметкенге береди.)* Мә, енди хабарлай бер!

ДӘМЕТКЕН. Нурқылышжан, кешир қарағым, билмеслик бизден өтти, кешир!... *(Жылайды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Мен саған еле де жақсылық етип турман. Бирақ, сен оны билмей турсаң! Жаңағыларды саған айтпай-ақ ислеўим мүмкин еди. Меннен қызғанған қызларыңның аўҳалын оннан кейин көрер едиң, егер де несип етсе!

ДӘМЕТКЕН *(ҳүрейленип).* «Несип етсе»си қалай?!

НУРҚЫЛЫШ. Жаңағы еки статья менен атылып кетеғоймасаң, кеминде жигирма жылға судланасаң. Сен кеттиң. Қызларың не қылады? Ғамқорлық қылатуғын я әкеси жоқ, я туратуғын жайы жоқ, я байы жоқ, я бурынғыдай ағыл-тегил дүнья жоқ, я төтелеп келген әжел жоқ. Жасаў керек-ғо ақыры! Ал қалай жасайды? Буны Аймекен жақсы биледи. Сары майдай сақлап жүрген Гүлмекенди изине ертедидағы, қаерде қалталы жигит бар, қаерде бәзим бар, қаерде жәлепхана бар, қолдан-қолға өтип жүре береди. Жүримиң болса бир күни сен келесең. Қуўсыйған сүйегиң қалған, көзиңе үймелеген шыбынды қорыўға ҳалың я келеди, я келмейди. «Қызым» деп көкирегиң қақ айрылып барғанында, қызларың үйине я киргизеди, я киргизбейди. Себеби, сен енди олардың турмысына жат адамсаң, зыят адамсаң. «Анаман» дедиң-ғо, мине, сен қусаған аналардың тәғдири усы!

ДӘМЕТКЕН. Бүйтип дүнья арттырғаннан, қол жайып қарыз сорап жүрген күнлерим абзал екен-ғой!

НУРҚЫЛЫШ. Мениң атым Нурқылыш! «Нур» ҳәм «Қылыш» түсиндиң бе? Айтқаным айтқан, дегеним деген болып, мениң кеўлимди тапсаң — жолыңа нур, үстиңе дүр шашаман! Ондай болмайды екен, мен қылышпан, қылыш!... *(Шығып кетеди.)*

ДӘМЕТКЕН. Бунша не пейлимнен таптым?! Дурыс, «дүнья, дүнья» деп қәтелестим. Мине, сол дүньяның ушлығына жетип турған жерим усы. Аймекенди «қаны басқа, өзге ғой» дедим. Енди, өзимниң туўған қызымды, өзим қалай шығарып беремен?!... *(Өкирип жылайды.)*

# Үшинши перде
## Көринис

Д ә м е т к е н н и ң үйи. Диванда Г ү л м е к е н менен А с қ а р бир-бириниң қолын услаған ҳалда сөйлесип отыр.

АСҚАР. Апаң келип қалмас па екен?

ГҮЛМЕКЕН. Яқ, кешлеў келеди.

АСҚАР. Гүлмекен, ырас айтаман, маған турмысқа шық, қосылайық!

ГҮЛМЕКЕН. Жаңа айттым-ғо: ҳеш болмаса үшинши курсты тамамлайын?

АСҚАР. Оған еле еки жыл бар-ғо. Яқ, мен оған шыдамайман!

ГҮЛМЕКЕН. «Асықпаған арбалы қоянға жетеди», асықпа!

АСҚАР. Маған қоян керек емес, сен керексең! Усындай гибиртиклеп-иркилип жүргенимде сени биреў алып қашып кетсе ...

ГҮЛМЕКЕН. Таныսқанымыз кеше…

АСҚАР. Кеше дейди?! Ҳаў, изиңе көлеңкедей ерип жүргениме бир жылдан асты-ғо!…

ГҮЛМЕКЕН. Минезлеримиз үйлеспей қала ма деп қорқаман.

АСҚАР. Үйленгеннен кейин минезинди жипектей етемен!

ГҮЛМЕКЕН. Қалай?

АСҚАР *(ҳәзил менен, мушын салмақлап турып).* Бул таяқ дегениң маймылға намаз үйреткен!

ГҮЛМЕКЕН. Илайым, онда көрмегеним сен болғайсаң! *(Күледи.)*

АСҚАР. Егер үсийтип шарбаяшылық ете берсең, алып қашып кетемен!

ГҮЛМЕКЕН. Алып қашып болыпсаң, қалай алып қашасаң?

АСҚАР. Сен ханнан-хабарсыз, сәңкийип салып оқыўыңнан киятырсаң. Көшениң айланған жериндеги теректиң саясында, ақ

«Нексия» турады. Сен тусына шамаласқаннан қапысы ашылады. Мен артыңнан келемен де, былай етип бас саламан!...

А с қ а р  Г ү л м е к е н д и  бығырлатып атырғанда Д ә м е т к е н  келеди.

ДӘМЕТКЕН *(таңланып).* Ҳәй, бу не!...

Екеўи бирден ушып турады

АСҚАР *(албырақлап).* С-с-сәлем бердик!

ДӘМЕТКЕН. Әй, өлим-ә!... Саған айтаман, бу не деймен!

АСҚАР *(албырағанынан тутлығып)* Ж-жаңа, Гүлмекен менен жаңағы, ана не қылып едик-ғо...

ДӘМЕТКЕН. Не қылып едиң?

АСҚАР. Ўәй, қашшан болдығаў, енди қайтаман! *(Кетиўге қолайласады.)*

ДӘМЕТКЕН *(өзинше түсинип, дәпинип).* Нени болдың?! Ҳә, қыршын, нени болдың деймен?!

ГҮЛМЕКЕН. С-сабақ таярлап едик ғо!...

ДӘМЕТКЕН. Сизлердиң сабақ таярлағаныңыз усындай болса, экзамен тапсырғаныңыз қандай болады?!

А с қ а р  сыртқа қашады.

Ҳәй қыршын, бери кел! Ҳәссений!...*(Асқардың туфлийин көрип.)* Жаңағы қыршын мына кепинин таслап кетипти-аў... Көрдиңбе бунның сумлығын! Усыны бәнелеп және кележақ! *(Қапыға барып бақырады.)* Ҳә жүўермек, мынаўынды әкетсең-ә! *(Асқардың туфлилерин ылақтырады.)* Ҳәй қыршын, ендигиден былай бул дөгеректе қаранды көрмейин! Көрсем ондырмайман, айтып қояйын, ондырмайман! *(Қайтады.)* Ҳә, қыршынынан қыйылғыр-ә! *(Сүмирейип турған қызына.)* Бу не сеники, тур жоғал!

Г ү л м е к е н  өжиресине кетеди.

Мени не қара басты! Ўай, қудайым-ей, не бәлелерди салдың басыма?! Үйге келсем — бундай, дүзге шықсам — ондай!...

Жылап жүрип үйиниң ишин ақтарып, уксус таўып алады. Столдың үстине әкеп қояды, оған үнсиз қарап турады. Аўзын ашып кесаға қуяды. Кесаны алып енди ишейин деп атырғанда, Г ү л м е к е н шығады.

ГҮЛМЕКЕН. Апа, ишпе!...

ДӘМЕТКЕН *(қолынан кесасы түсип кетип.)* Қызым!... *(Жылайды.)*

ГҮЛМЕКЕН *(уксустың шийшесин қолына алып көрип).* Ҳаў, мен арақ ишейин деп атырған шығар десем, мынаў уксус ғой?!... Апа!... Бул не қылғаның?

ДӘМЕТКЕН. Бүйтип шерменде болғаннан өлгеним абзал еди!... *(Жылап отырады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Бунша не болды саған? Апа, я, айтса, бунша не болды?!

ДӘМЕТКЕН. Мендейлерге тегинликте өлим жо-оқ!..

ГҮЛМЕКЕН. Олай демеш, апа, айтса, не болды?

ДӘМЕТКЕН. Ух-ҳҳҳ!!!... *(Көзлериниң жасын сүртеди.)*

ГҮЛМЕКЕН. Кешеден берли жүзлериң солғын, бир түрли болып жүрип едиң. Бүгинлиги — мине; не болды өзи, айтса, апа?!

ДӘМЕТКЕН. Сен өмиринде биреўден бир манат қарыз сорап көрдиң бе?

ГҮЛМЕКЕН. Яқ, апа!

ДӘМЕТКЕН *(үйиниң ишин нусқап).* Мына дүньялар қалай жыйналды, қаяқтан жыйналды, билесең бе?!

ГҮЛМЕКЕН. Билесеңбе деп...

ДӘМЕТКЕН. Сен ҳеш нәрсени де билмейсең, жассаң еле.

ГҮЛМЕКЕН. Билмесем айтып бериң, апа. Неге бүйтип бүлинип жүрсиз? Ҳайранман!

ДӘМЕТКЕН. Әкең, дүньяға қызықпайтуғын, дүнья жыйыўды да билмейтуғын, айтқанды да тыңламайтуғын бир принципиал адам еди. Сен туўылған соң, бир жылдан кейин ол қайтыс болды.

«Жоғалған пышақтың сабы алтын», әнейдей айлығы бар еди, ғәрежеттен қатты тарықтық. Әкеңниң жылынан кейин, муғаллимшилик жумысымды қойдым да, жайды, пулға өткендей затлардың бәрин саттым. Сөйтип, биреўдиң бир өжиресин кирейге алдым да, өзимди базарға урдым. Әжапаң мектепте оқыйды, сен — бақшадасаң. Күлмеген адам, аўзын қыйсайтпаған ағайин-туўған қалмады. Мине, бес жылдан кейин усы жайды сатып алдым. Мени масқаралаған, үстимнен сайған, аўҳалыма күлген адамлардың бәри келди-ә, қутлы болсынға! Душпанларыма үстем келгениме қуўанып-масайраған сол күнлеримди айтпайсаң ба?! Сол ўақытлары тоқтасам болады ғой. Жо-о-қ, ондай қыла алмадым. Пулдың қумары тутса жүдә жаман болады екен! Көзим дүньяға тоймады-ғой!... *(Сарсылып, үндемей отырады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Сонда не қылдың, апа?

ДӘМЕТКЕН. Соннан, «Бирим — еки, еким — мың, ал мыңым миллион болсын» деп ойладым да, азық-аўқатты саўдасын қойып, зергерлик алтын буйымлары базарынан өтисип, ең соңында наркотик затлар са-тыўға келип тоқтадым!

ГҮЛМЕКЕН. Ўай-ўай апа, ырас па?! Анаша, героин, марихуана, гашиш а?

ДӘМЕТКЕН. Аўа, қызым, аўа. Буннан бурынғы күнлерим жақсы еди. Әкең, тийе берсин, инсаплы, ақыллы адам болған екен-аў. Енди ананың күни қәреп, қызым, қәреп! Наркотик пенен тутылып қалдым!

ГҮЛМЕКЕН *(жағасын услап).* Бул дүньялардың қаяқтан келип, қалай жыйналып атырғанын енди түсиндим. *(Орнынан турып, ойланып жүреди. Бирден.)* Әжапамның буннан хабары бар ма?!

ДӘМЕТКЕН. Бар.

ГҮЛМЕКЕН. Саўдаға оны да араластырдың ба?

ДӘМЕТКЕН. Яқ.

ГҮЛМЕКЕН. Бир нәрсени сезер едим. Бирақ, анық билмедим-ғой, билмедим! Аймекен айтқан шығар-аў, бирақ сен оны тыңламайсаң-ғой! Өзим билгенимде, әт-тең!...

ДӘМЕТКЕН. Не қылар едиң?

ГҮЛМЕКЕН. Егер, сениң усындай иплас ис пенен шуғылланып жүргенинди билгенимде, сен оны я қояр един, я мениң өлигимде отырар единң!

ДӘМЕТКЕН. Бәрибир сен мени бул жолдан қайтара алмас единң. Көздиң жаўын алып турған пуллар тап наркотиктей болып, адамлардың тамамы ағзасын жайлап, зәҳәрлейди. Әне, оннан соң барып өлтиреди! Бул жүдә жаман наркотик! Шақырлаған пуллар мениң мийимди, шашларымның ҳәр бир талын, ҳәттеки тис-тырнағыма дейин уўлап таслаған! Наркоманды емлейди миш! Емлеп бопты! Сол сыяқлы, мен қусаған дүньяпаразлардың да еми жоқ бул дүньяда! Себеби, бизлер жыйнай беремиз дүньяны бул дүньяда, жыйнай беремиз. Я көзимиз тоймайды, я өзимиз тоймаймыз! Ең соңында оңбағандай сүрнигип, «паңқ!» етип жарыламыз! Егер сезген болсаң, мен Нурқылыштың пәнжесине илиндим. Ол сүликтей жабысып тур, жаздырар бәле емес, сөйтип қанымды да жанымды да сорып болып, мени қаматажақ! Оның қолында ҳәр күни өлип жүргенше, бир мәрте өлгеним мың мәрте абзал! Соның ушын уксусты ... Неге кесент бердиң сен маған?!

ГҮЛМЕКЕН. Апа, апа жан!…

ДӘМЕТКЕН. Жаным қыл үстинде турыпты, мен қашшанақ өлген адамман ғой!

ГҮЛМЕКЕН. Сөзлериң кем-кемнен бир түрли боп баратыр-ғо, қойса апа!… Мен қорқып баратырман ...

ДӘМЕТКЕН. Аўа қызым, мен өлген адамман!

А й м е к е н келип, тасаланып, олардың сөзин тыңлап турады.

ГҮЛМЕКЕН. Бүйтип езиле берме, апажан. Жалғыз емессең, бизлер бармыз-ғо! Аймекен, мен, ағайин-туўған дегендей. Қолымыздан келген жәрдемимизди аямаймыз!

Д ә м е т к е н қызына узақ тигилип қалады. Г ү л м е к е н оның нәзеринен шоршынып кетеди.

ГҮЛМЕКЕН. Апа, саған не болды?

ДӘМЕТКЕН. Дурыс, мен жалғыз емеспен, буған да шүкир! Дурыс, сен маған жәрдем бере аласаң!

ГҮЛМЕКЕН. Онда айт, апа, мениң қолымнан не келеди?!

ДӘМЕТКЕН. Не келеди?!... *(Орнынан турып бир шетке шығады, өзинше.)* Не келеди?!... Не келетуғынын қызыма қалайынша айтыўым керек? Нурқылыштың дийди — мениң дүньям ҳәм қызым! Дүнья ҳеш гәп, табылар. Аймекенди бахты қара қылғаным аз ба?... Басқа жолы жоқпекен?... Өзиме-өзим қазған бул гөрден, қалай шығаман?...

ГҮЛМЕКЕН. Апа, бүйтип ойланып, өзинди-өзиң езе берме. Мениң қолымнан не келеди, айтса, не қылайын?!

ДӘМЕТКЕН *(өзинше.)* Усы қызым бәрин түсинип, бәрине қайыл болып айтып турған жоқпәй! Әй, яғаў, буннан жети жыл бурын Аймекен де сөйдеп баслаған еди-ғой. Гәптиң төркинин аңлаған соң айбарақты салды дейсең!...*(Ойланып жүреди.)* Әй-й, Дәметкен, Дәмет-кен!... Бул — аўмалы-төкпели дүнья, ҳеш қашан тегис болған емес! Қайсы бир қыз, бетиниң қылаўы менен байға тийип атыр жүдә, өзиң де сөйттиң-ғой. Ҳе-ҳе-ҳе!... Тандыры шыққай, Аймекен бе, Гүлмекен бе — булардың ҳеш қайсысы да қара жерди қайра басып, бу дүньяны жалпағына сүрген бир күнлик ҳәзиме жетпейди. Қой жылағанды! *(Басқаша дөнип, қызына.)* Қызым, «не қылайын» дейсең бе?

ГҮЛМЕКЕН. Аўа, мениң қандай жәрдем бериўим мүмкин, айтса, апа?!

ДӘМЕТКЕН. Жәрдем деп, сениң не жәрдем бериўиң мүмкин қызым-аў, көрермиз-дә! Бүгин кеште, бир қонақ келеди, тек соны күтиўге қол-қабыс етсең болды.

ГҮЛМЕКЕН. Яқшы, апа!

ДӘМЕТКЕН. Онда, оқыўыңнан бир-еки саат ертелеў сорап қайт, қызым. Мен ҳәзир бир жерге бараман да келемен!

ГҮЛМЕКЕН. Яқшы, апа.

ДӘМЕТКЕН. Мен кеттим онда!

ГҮЛМЕКЕН. Яқшы.

Д э м е т к е н кетеди, А й м е к е н келеди.

АЙМЕКЕН. Неғылдың сөйтип, кеште қонақ күтетуғын болдың ба?

ГҮЛМЕКЕН. Ҳаў, сен қаяқтан билесең оны?!

АЙМЕКЕН. Сизлерден тасаланып турып тыңладым.

ГҮЛМЕКЕН. Неге тасаланасаң, неге кирмедиң?!

АЙМЕКЕН. Кесент бергим келмеди… Мени көрсе апам тыйылып қалады. Кеште күтетуғын қонағыңның ким екенин билесең бе?

ГҮЛМЕКЕН. Яқ!…

АЙМЕКЕН. Асқарды көрип турсаң ба?

ГҮЛМЕКЕН. Аўа, күнде көремен!

АЙМЕКЕН. Не дейди? Еле сол сөзи ме?

ГҮЛМЕКЕН. Аўа, «қосылайық» деп дым қоймай жүр!

АЙМЕКЕН. Онда, соның менен бүгин кет!

ГҮЛМЕКЕН. Ҳе, о неге?!

АЙМЕКЕН. Кеште келетуғын қонақ — прокурор Нурқылыш! Апам сени соған шығарып бережақ!

ГҮЛМЕКЕН. Не дейсең!… Апам!!! Ҳаў!!!…

## ПЕРДЕ.

## Төртинши перде
## Көринис

Д э м е т к е н н и ң үйи. Д э м е т к е н Н у р қ ы л ы ш т ы күтип отыр. Столдың үсти — дарқаншылық, жейтуғын-ишетуғын тағамлардың бәри бар.

ДӘМЕТКЕН *(орнынан турып).* Не мақсет пенен келер екен-әй?! Иләйым жақсы нийет пенен келгей-дә! Және, милициялар менен топарласып, келе-сала үйимди тинтип кетсе!… Я қашып кетсем бе екен?! *(Жағасына түпиреди.)* Түп-түп, оның жолы армаған!… Уҳ-ҳҳҳ!!!…

Д ә м е т к е н ойланып отырады, Н у р қ ы л ы ш келеди.

НУРҚЫЛЫШ. *(енди «сен»ди «сиз»ге, «жеңге»ни «апа»ға өзгертип)* Дәметкен апа!… Сәлем бер-дик!… *(Кеўилли сәлемлеседи.)*

ДӘМЕТКЕН. Кел қарағым, кел! *(Нурқылыштың бетине қараңлап,тартыныңқырап.)* Нурқылыш жан, қудаға шүкир, бүгин кеўил хошлығың жаман емес, көз тиймегей-дә!…

НУРҚЫЛЫШ. Өткен иске салаўат, апа. Кеўил хошлығымның ендиги жағы өзиңизге байланыслы!…

ДӘМЕТКЕН. Қалай?

НУРҚЫЛЫШ. Яқшы, жүз грамм қуйып жиберейин! *(Коньяк қуяды.)*

ДӘМЕТКЕН. Сөйт қарағым! «Ишке жүз грамм барса, жақсылықтың бир қапысы ашылады» деген екен баяғыда бир билгиш!

Екеўи теңнен күлиседи.

НУРҚЫЛЫШ *(күлкисин тыйып).* Мине апа!… *(Рюмка усынады.)* Усыны со, қуўаныш ушын ишейик!

ДӘМЕТКЕН. Рахмет қарағым!…

Екеўи де ишип қояды, бир-бирине закуска усынады. А й м е к е н келип, тасаланып тыңлап турады.

НУРҚЫЛЫШ. Ал енди, Дәметкен апа …

ДӘМЕТКЕН. Аўзыңа май, айтабер, қарағым!

НУРҚЫЛЫШ. Мениң қайғым да бар, қуўанышым да бар. Гәпти қайғымнан баслайын: мен ҳаялымды таслайжақпан!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў, ҳе, о неге?!

НУРҚЫЛЫШ. Әй, еки-үш бала бар еди, солардың көз жасына қалмай-ақ қояйын деп әри-бери шыдап едим, болмады.

ДӘМЕТКЕН. Қайдан билейин қарағым, көрмеген соң, билмеген соң…

НУРҚЫЛЫШ. Усы, басыңызды аўыртып не қылайын, бизиң ҳаял бала туўыўдан басқасының парқына бармайды-ғо!

ДӘМЕТКЕН. Онда шатақ екен!…

НУРҚЫЛЫШ. Үйге барған адам есиктиң қайсы екенин, төрдиң қайсы екенин билмейди!

ДӘМЕТКЕН. Нағыз пасманда десең-ә онда!

НУРҚЫЛЫШ. Соннан келип ол жаманның, әғайиншилигин айтпайсаң-аў! Төркин бетинен биреў келсе болды, асты-үстине түсип өле қалады. Ал, бизиң әғайин-туўған менен жора-жолдастан биреў келсе — сылқа түсип, «аўырдым» деп жатып алады. «Ҳә, усы жатқаныңнан турмағайсаң-дә!» деп отыраман. Әттең, сол тилегимди қудай бермей-ақ қойды!

ДӘМЕТКЕН. Нағыз тәрбия көрмегенниң қылығы бул. «Қонақ келсе есиктен, ырысқал келер тесиктен» деген. Қонақ күтпейди деген не сумлық! Айтыўыңа қарағанда ҳаялың «жақсы малдың тезеги емес» қусаған!

НУРҚЫЛЫШ. Және оның абырайымды төгиўге шеберин айтпайсаң-аў!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў!… Ҳаял деген қайта ериниң абырайын көтерип жүрмеймекен!

НУРҚЫЛЫШ. Ўәй қайда саған-ә! Үйге азы-кем ишип бара алмайман, ишсем болды — «пияншик-ҳә, пияншик, араққор-ҳә, араққор!» — салады бадабатты. «Жумысыңа бараман-ә, министриңе айтаман-ә» деп, есиктегини төрге, төрдегини есикке зыңғытып

атырғаны. Бир сапар жумысқа да барды. Жаныңа дәрман болмаса, соннан қатын бола ма?! Ух-ҳҳ!!!…

ДӘМЕТКЕН. «Жаман қатын ер жигитти қор әйлер» деген сол. Қой, қарағым, буны қояйық, адамның жүрегин муздай еттиң-ғо. Оннан да, қуўанышынды айтса, мениң ишлерим дүбирлеп баратыр!

НУРҚЫЛЫШ. Мен, қызыңыз Гүлмекенге үйленежақпан апа!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў!…

НУРҚЫЛЫШ. Дым таңланбаң, апа, ойлап-ойлап солай шештим!

ДӘМЕТКЕН. Қалай болар екен?!…

НУРҚЫЛЫШ. Дым жақсы болады!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў, айналайын, Нурқылышжан-аў!… «Келбетиниң кеми жоқ, мүшесиниң мини жоқ», мына сен сықыллы жигитке қыз бермей, енди кимге беремен?! «Аймекениме қанаатланбай, енди бул Гүлмекениме көз тикти, оны да ойнас тутпақшы» деп гүптикейленип жүрген едим. Нийетиң «серьезный» екен-ғой. Еле көресең, мениң Гүлмекен дегеним қандай келиншек болады, ўәй-й!…

НУРҚЫЛЫШ. Ҳаял деген — хожалықтағы еки арыстың бири. Сол арысты сүйреспегени менен, иретинде мешеўлессе болды. Мениң ҳаялдан оннан басқа тәмем жоқ!

ДӘМЕТКЕН. Мешеўлеспек түўе, арысынды өзиңнен бурын сүйреп кетеди. Мени ўәлий екен дерсең еле!… Во!… Жаңағы дүбирли, енди қуўанышқа айланып, жүрегимди жарып жибережақ. Нурқылышжан, бир қуй қәне!

НУРҚЫЛЫШ. Яқшы апа! *(Арақ қуйып береди.)* Мине!…

ДӘМЕТКЕН *(кесаны қолына алып, қуўанышлы).* Нурқылышжан, қуўанышымыз қуўанышқа уласып, усы жақсы нийетлеримиз оң бола берегей, қарағым!

НУРҚЫЛЫШ. Айтқаныңыз келсин, апа!

Екеўи де ишип қояды.

ДӘМЕТКЕН *(арақты ишип болып, Нурқылышқа қушағын жайып).*

Закуска!

Н у р қ ы л ы ш та қушағын жаяды, Д ә м е т к е н оны закускаға сүйеди, музыка басланып, Д ә м е т к е н ойынға түседи.

НУРҚЫЛЫШ. Бизиң апам зор деймен! Ҳә-ҳ! Ҳә-ҳ! *(Қол шаппатлап жүрип, өзи де ойнайды.)*

ДӘМЕТКЕН *(ойнап болып отырады).* Ҳә Нурқылыш жан-ә, айналайын-ә, апанды йоштырып жибердиң-ғо!...

НУРҚЫЛЫШ. Йошыў еле алдымызда, апа. Енди, Гүлмекен келисим береғойса-дә!...

ДӘМЕТКЕН. Қәтержам бола бериң, ол жағын өзим қатыраман, Нурқылышжан!

А й м е к е н келеди, ҳеш кимге итибар бермей, бөлмесине қарай бет алады.

ДӘМЕТКЕН. Ҳәй қыз, мына ағаңа сәлем берсең-о!

АЙМЕКЕН *(Нурқылышқа қарап күлип).* Приветик! *(Бөлмесине кетеди.)*

НУРҚЫЛЫШ. Буны бир жаққа жумсасаңыз болады-ғо!

ДӘМЕТКЕН. Жумсаў ҳешқайда қашпас, буған ҳеш нәрсени сездирмейик!

НУРҚЫЛЫШ. Дурыс, сездирмейик!

Екеўи тым-тырыс шай ишип отырады. Бираздан соң кеўилли, жарқылдаўы менен А й м е к е н келеди.

АЙМЕКЕН *(шай қуяйын деп атырған Дәметкенниң қолынан шәйнегин наз бенен алып).* Өзим қуяйын, апа?

ДӘМЕТКЕН *(оның кеўиллилигине қуўанып).* Сөйтш, қызым!

АЙМЕКЕН *(Нурқылышқа шай усынып).* Сизге тинәўкүнги екеўмиздиң, көрпениң астындағы сүйиспегимизден соң қандай мүнәсибет-сөз айтыўды билмей басым қатып тур. «Аға» дейин бе? «сүйиклим» дейин бе ямаса «күйеўжан» дейин бе?

ДӘМЕТКЕН. Не деп хабарласасаң, «аға» дейсендағы!

АЙМЕКЕН *(күлимсиреп, наз етип).* Қызықсыз-әй, апа. Байымдай боп қалған адамды қалай «аға» деймен. Оның үстине, «Мен сени сүйемен, мен саған үйленемен» деди!

НУРҚЫЛЫШ *(шайды алады).* Рахмет. Аймекен, сен еркеклердиң характерин билмейди екенсең. Әўелинде олар *(Мушын қатты түйип, тербелтип турады.)* «Мен саған үйленемен, баланды өзим бағаман» дейди, соңғылығында, қыларын қылып болып *(Мушын жаздырады, бармақларын төмен салпаўсытады.)* «Өзиң туўдың, өзиң бақ» деп «ҳәйт» қояды. Ҳе-ҳе-ҳе!...

АЙМЕКЕН. Қой-әй?! Олар онда жаман екен-ғо, я?!

НУРҚЫЛЫШ. Аўа, оларға исене бериўге болмайды!

АЙМЕКЕН *(жуўҳаланып күлип).* Ҳе-ҳе-ҳе!... Ал, мен қамтәме, еле сизди «Мени айттырып келди, ҳәзир әкетеди» деп қуўанып отырман-аў!...

НУРҚЫЛЫШ. Жаңа айттым-ғо, түсинбестей нашар емессиз!

АЙМЕКЕН. «Халық айтса қалп айтпайды» деген ырас екен-аў!...

ДӘМЕТКЕН *(ашыўланып).* Даньшпансына бермей, қойсаңә гәпти! Мен сени бир жерге жумсайжақпан, соған кет ҳәзир!

АЙМЕКЕН. Мени жумсаўдан ийиңиз қанбады ма, апа?! Кешегиде Нурқылыштың астына жумсадыңыз ...

НУРҚЫЛЫШ *(ишек-силеси қатып күледи).* Ўәй, бәле нашар екенсең! Ха-ха-ха!

ДӘМЕТКЕН. Қойсаң-ә, бол, кет!

АЙМЕКЕН. Гәптиң белине теўмең, ҳәзир сөйлесип болайық, оннан соң гөрге жумсасаң да кетемен!

НУРҚЫЛЫШ. Бул маған бирнеңе айтажақ, отырың, апа, тыңлайық! Мениң кәсибимниң тийкары тыңлаў-ғой.

Д ә м е т к е н отырады.

Ал, халық не дейди екен сонда?

АЙМЕКЕН. Халық арасында «Нурқылыштың қатыны көйлегининң оңы-терисин де билмейтуғын, бир саллы балақ, жаман екен. Соның ушын қатынын таслап, Аймекен деген нашарды алайын деп жүргенинде, сиңлиси оннан да сулыў шығып, прокурордың кеўли соған аўыпты. Енди, Гүлмекенди алады-мыш, бирақ, оның менен де исин питкерип болған соң, анасын бәри-бир сотлатады-мыш», деген гәп шығып атыр. Сүйиклим, ... э-э, кеширерсиз, *(нықыртып)*, а-ғ-а, сол ырас па?!

ДӘМЕТКЕН. Астаўпыралла!...

НУРҚЫЛЫШ. Адамлар не демейди, гөшти ким жемейди. Мен ондай сөзди ҳеш кимге айтқаным жоқ, бул гәп қайдан пайда болып жүр?

АЙМЕКЕН. Адамлар еситеди, е-с-и-т-е-ди!

НУРҚЫЛЫШ. Қаяқтан еситеди?!

АЙМЕКЕН. Сиздей ҳасылзадалар бундай гәпти ҳеш кимге айтпайды. Бирақ, сиздейлердиң көзине бир қараған-ақ: қыялында не бар? ойында не бар? тийкарғы мақсети не? — мына мен қусаған тасландылар билип алады!

НУРҚЫЛЫШ *(қатты ашыўланып).* Ырасында да, тасландысаң! Бир көргеннен-ақ саған аңсарым аўды. Үйленбекши де болдым. Дәминди татып көрсем: меннен бурын биреўлер былғап кеткен екен! Кешир мени, соның ушын да сени таслап кеттим! Сен соннан маған ғәзепленип, өзиңнен-өзиң гәп тоқып, оған халықты араластырып, шаймалап турсаң!

АЙМЕКЕН *(ғәзепленип).* Сен өйтип гәпти тайғанатпа, жаңа айттымғо!...

НУРҚЫЛЫШ. Нени айттың?!

АЙМЕКЕН. Мен билемен дедим!

НУРҚЫЛЫШ. Нени билесең сен?!

АЙМЕКЕН. Тийкарғы мақсетинди! Сен Гүлмекенди де патаслап болып, апамды бәри бир сотлатып жибере жақсаң!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў!...

НУРҚЫЛЫШ. Көз ашықпысаң, сен оны қайдан билесең?!

АЙМЕКЕН. Менде интуиция бар. «Интуиция» дегенди бул жерде тек мына базаршы адам ғана *(Дәметкенди нусқап)* түсинбеўи мүмкин, ал екеўимиз болсақ — жоқары мағлыўматлымыз. Биринши көргенинде-ақ маған сениң кеўлиң аўды. Егерде қыялың бузық болмағанда, мениң менен исинди питкергеннен кейин, апамды қутқарар единң. Бирақ, ондай қылмадың, сен жәнe ҳәң аштың: енди «Гүлмекен» деп ыңғырыўлап жүрсең. Мақсетиң басқа сениң! Логикам дурыс па?

НУРҚЫЛЫШ. Не демекшисең сонда сен?!

АЙМЕКЕН. Сениң нийетиң — Гүлмекенди де патаслап, апамды қаматыў!

ДӘМЕТКЕН *(ҳаўлығып).* Нурқылыш, ырас па усылар?!

Н у р қ ы л ы ш Д ә м е т к е н г е көзин қысады,
А й м е к е н буны көрип қояды.

АЙМЕКЕН. Көзинди қысқанша көтинди қыс, айтқанға жуўап бер, қәне!

НУРҚЫЛЫШ. Аўзыңа қарап сөйле! Өйтип, шәрбаялана берме!

АЙМЕКЕН. Мен жоқары мағлыўматлы адамман, заң-законды сен қурақым билемен!

НУРҚЫЛЫШ. Билгениң усы ма? Мен Гүлмекенге үйленбекшимен. Буны билесең бе сен! Қызына үйленип, анасын түрмеге қаматып жиберсем, мынаў турған журт *(тамашагөйлерди көрсетип)* бетиме түкирмей ме?! Логика, логика дейсең! Қайда сениң логикаң?

АЙМЕКЕН. Барлық гәп сонда, сениң Гүлмекенге үйлениў нийетиң жоқ. Сениң породандағы адамлар ҳеш ўақытта да өз хожалығын бузбайды, сондай-ақ оңлы-солынан ҳәзлик излеп, рәҳәтин көриўден де тайынбайды, арсынбайды. Сенде намыс, ар-ҳүждан деген жоқ. Лаўазымынды нықап қылып, дүнья қуўған адамсаң!

НУРҚЫЛЫШ *(қатты ашыўланып).* Гәпке түсинбес надан екенсең, еркиң өзинде, қолыңнан келгенин қыл!

АЙМЕКЕН. Солай ма?

НУРҚЫЛЫШ. Солай!

АЙМЕКЕН *(қалтасынан қағаз шығарып).* Мине, мынаў — мени зорлағаның ҳаққында экспертизаның берген ҳүжжети!

НУРҚЫЛЫШ *(мысқыллап).* Әкел, көрейик!

АЙМЕКЕН. Көрип бопсаң, қолыңның сыртын көр! Прокурордың үстинен де жынайый ис қозғайтуғын прокурорлардың барлығын биз билемиз. Онда да болмаса — оннан да жоқарысы бар. Түбинде, сени қуртпай қоймайман, ойнаған екенсең, өлим-өлим бир өлим!

ДӘМЕТКЕН *(қорқып).* Әй, Аймекен, қояғойсаңо, ҳаў!...

НУРҚЫЛЫШ *(жолтаслап).* Өйтип, қорықпайақ қойса, апа, Аймекен мени түсинбей атыр-аў.

АЙМЕКЕН. Нени түсиниўим керек?

НУРҚЫЛЫШ. Аймекен! Сен қәлеген мүшенди мың жеринен судмедэкспертизадан өткере бер — бәрибир мени жеңе алмайсаң! Тинәў күни анаң да маған қарсы ғоддаслап еди — мине отырғо! Сениң де еки аяғынды бир етикке тығаман. Себеби мен жигирма бес жылдың прокурорыман. Не бир қыян-кести «дело»лардан үстиме суў жуқтырмай аман өткенмен. Нешше сан адамлардың тәғдирлери отын болып қаланған суд ҳәм прокуратураның нәҳән қазанларында қайнап-пискен адамман. Мен бул «кухня»ны икир-шикирине дейин бес бармақтай билемен. Сениң жаңағы айтқанларың маған жас баланың шүлдирлеўиндей бир гәп! Абай-ла!!!...

Сырттан Б е г д у л л а келеди.

БЕГДУЛЛА *(үй ишиндегилердиң рәмәўизинен сескенип, өзинше).* Яўпырмай бала! Булар жулысатуғын қоразлардай болып тур ғой! Қолайсыз ўақытта келдим-аў... *(Ҳәмме менен қол алысады.)* Ассалаў-

ма-әлейкум-мм! *(Гүрсиге отырады.)* Әззети абырай, абырайдан айырмағай бир қудай, аўмийин!... Саў-саламатсызлар ма шырақларым?!...

ДӘМЕТКЕН. Шүкир!

БЕГДУЛЛА. *(Дәметкенге).* Дәметкен деген сиз болсаңыз керек, я?

ДӘМЕТКЕН. Аўа, не өзи, аманлық па?!

БЕГДУЛЛА. Айналайыным тап билгендей айтқан екен. «Тез жетиң, ата, апам қорқып отырған шығар» деп еди.

ДӘМЕТКЕН. Не дейди?!...

БЕГДУЛЛА. Енди бәри бир, тақыр жерге буққандай болар, айта берейик-тә. Баллар урлық қылыпты, қарағым!...

ДӘМЕТКЕН. Урлық, не урлық!...

БЕГДУЛЛА. Гүлмекен бизге келин боп түсти!

ДӘМЕТКЕН. Тап усы кемис болып тур еди!

АЙМЕКЕН. Зорлап алып кеткеннен саў ма? Балаңыз ким деген?!

БЕГДУЛЛА. Яқ, зорлық жоқ ғой, шырағым. Қыз бенен бурыннан табысып жүрген қусайды, усы жерге келип те жүрген қусайды. Баламның аты Асқар. Гүлмекен: «басқа адамды тыңламас, ата, тап өзиң бар» деди. Мен Асқардың әкесимен, атым Бегдулла!

ДӘМЕТКЕН. Көрдиң бе, усындайлардан сондай мақаўлар туўады. Ҳә, жигит жүўермегинен кеткир-ә!...

БЕГДУЛЛА. Әй, баламды ғарғамасаң-ә!...

ДӘМЕТКЕН. Тыштабаның бир арқа болып, «ҳәй»иң не сениң, я «ҳәй»иң не?! Көрдиң бе бунық ҳәм уры, ҳәм үстемлигин!

БЕГДУЛЛА. Ғарғанба сонда, урлық ислеген мен емес! Ҳәммеси қызыңның қайылшылығы менен болған!

ДӘМЕТКЕН. Ондай қыз туўғанша жылан туўсам болады ғо! Ҳә, бахты қара болғыр-ә!... Жигит жүўермегинен кеткир-ә!

БЕГДУЛЛА. Ғарғанбаса қарағым-аў, ҳаў!

ДӘМЕТКЕН. Ғарғамақ түўе, еле астан-кестенинди шығараман! Баланды сотлатып жиберемен!... Шаңарағыңнан түтин шықпайтуғын етемен. Үйиңе күлип кирген адамды, жылап

шығатуғын етип қояман! Ойнайтуғын адамыңды жаңа тапқан екенсең!

БЕГДУЛЛА *(жағасына түпирип).* Астаўпыралла, астаўпыралла!...

ДӘМЕТКЕН. Шық үйден! Сен қусаған көк атлыға қыз берейин деп жүрген мен жоқ! Шық!...

БЕГДУЛЛА. Ҳаў!...

ДӘМЕТКЕН. Усы, шығасаң ба, жоқ па?! *(Бегдулланың қалпағын басынан жулып алып, түйгишлеп-түйгишлеп ылақтырып жибереди.)* Тур, жоқ бол!...

Жулқыныўы менен бөлмесине кетеди.

НУРҚЫЛЫШ. Аўа-дә, ҳеш болмаса бир аўыз рухсат сорасаңыз болады ғо!

Д ә м е т к е н н и ң изинен кетеди.

БЕГДУЛЛА *(қалпағын қағып кийип атырып).* Астаўпыралла, астаўпыралла! Мен қойдым сөзимди. Мына адамлардың көкирегин-әй, көкирегин-әй, қудайым өзиң инсап бергейсең!

АЙМЕКЕН. Сиз көлик пенен келип пе единиз?

БЕГДУЛЛА. Аўа, ҳе?!...

АЙМЕКЕН. Онда, егленбестен туўры үйиңизге тарта бериң. Қорқпаң, ҳәммеси жақсы болады. Апамды ертең өзим апараман, ҳәммеңиз үйде болың!

БЕГДУЛЛА *(ҳайран болыңқырап).* Яқшы қызым!... Мәкан жайымыз...

АЙМЕКЕН. Мәкан жайыңызды өзим билемен. Тез-тез кетип қалың!

БЕГДУЛЛА. Яқшы. Бахытлы болғайсаң, қызым!

Б е г д у л л а кетеди, Д ә м е т к е н менен Н у р қ ы л ы ш келеди. Д ә м е т к е н ҳасыл кийимлерин кийинген.

ДӘМЕТКЕН. Қәне жүр қыз, айда машынды!

АЙМЕКЕН. Қаяққа?

ДӘМЕТКЕН. Жаңағы қаншықты алып қайтамыз! Байсыраған ондай қатынды, усы үйге дейин шашынан сүйреп келмесем, онда мениң адам болғаным бийкар екен! Неге тура бересең, жүр деймен!

АЙМЕКЕН. Ҳаў, қаяққа? Үйин қалай таўып аламыз?

ДӘМЕТКЕН. Жаңағы турған жоқ па?

АЙМЕКЕН. Ийттей таяқлап қуўып салдың, қашшан кетип қалған шығар!

ДӘМЕТКЕН. Бар, жуўыр, адресин сорап қал, өзи жоян бола берсин!

А й м е к е н шығып кетеди.

НУРҚЫЛЫШ *(енди ашыўлы, «сиз»ди «сен»ге өзгертип)* Жаңа, тамды басыңа көтере бергенше, адресин сорап қалсаң болады-ғо!

ДӘМЕТКЕН. Кимниң ядында бар дейсең сол!

НУРҚЫЛЫШ. Онша қыза бермеў керек еди. Оннан да өзи менен барып ғана, қалай болмасын қызды алып қайтыў керек еди. Мине енди, барлығы дал-дал болды!

ДӘМЕТКЕН. Қаным қызып кетти, не болғанымды билмей қалдым!

НУРҚЫЛЫШ. Турмысқа шығыў ойында да жоқ қыздың бирден кетип қалыўы, анаўыңның анандай деўи, бас ийип келген қудаңнан үйин де сорамай, таяқлап қуўып салыўың — бәри де исенимсизлеў болып тур!

ДӘМЕТКЕН. Сен өйдеме, Нурқылыш!

НУРҚЫЛЫШ *(нықыртып).* Сен булардың бәрин өзиң уйымластырғансаң!!!

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў, Нурқылыш жан, саған не болды?!

НУРҚЫЛЫШ. Болмаса неге ол қыз, кеше, я ертең кетпей, тап усы бүгин, мен келгенде кетеди?!

ДӘМЕТКЕН. Олла, мине, нан урсын, билмеймен! *(Нан услайды.)*

НУРҚЫЛЫШ. Жақсы исенген болайын. Ал, онда не қыламыз?

ДӘМЕТКЕН. Болар ис болды. Түрмеден татасы дузымыз бар шығар, көрермиз-дә!

НУРҚЫЛЫШ. Бүгин болмаса ертең, қалай болмасын қызды әкелиң. Мәйли, мен ҳәммесине қайылман, ўәдем ўәде!

ДӘМЕТКЕН. Изи қалай болар екен бала?!...

НУРҚЫЛЫШ. Қызды усы жерге бир әкелип, мениң қолыма тапсырың, қалғанын өзим уқшатаман!

ДӘМЕТКЕН. Анаўсын не қыласаң?

НУРҚЫЛЫШ. Оны сотлатып жиберемиз!

ДӘМЕТКЕН. Қалай?

НУРҚЫЛЫШ. Ол жағын не қыласаң, апа, тек қызды маған бир әкелип бер!

ДӘМЕТКЕН. Қәне онда, душпанымның үстинен бир шыға қойсам! Ҳәссений!...

А й м е к е н келеди.

АЙМЕКЕН. Тап, тәўир-ақ жерге барып қайттым, зым-зия жоқ. Машина менен келген қусайды!

ДӘМЕТКЕН. Бүгин қалай болмасын табыў керек!

АЙМЕКЕН. Усы жети түнде қаяқтан излеймиз, апа, қызықсаң-әй!

ДӘМЕТКЕН. Сен ҳеш болмаса бағдарын да билмейсең бе?

АЙМЕКЕН *(ашыўланған болып).* Мен қаяқтан билемен!

ДӘМЕТКЕН. Онда милицияға хабар берейик!

НУРҚЫЛЫШ. Ол палың болмайды. Азанға дейин шыда, бир иләжы болар!

ДӘМЕТКЕН. Уҳ-ҳҳҳ!...

Д ә м е т к е н отырып қалады, Н у р қ ы л ы ш алма кесип жейди.

НУРҚЫЛЫШ *(Аймекенге).* Мениң айтқаным дурыс па?

АЙМЕКЕН. Дурыс!

НУРҚЫЛЫШ. Ал, сениң мен ҳаққындағы пикирлериң қәте!

АЙМЕКЕН. Бизиң күнимиз сизиң менен ...

НУРҚЫЛЫШ *(қолындағы пышақты салмақлап турып).* Пышақ — жақсы пышақ екен!

АЙМЕКЕН *(сөзлерин салмақлап турып).* Бизлер ж-а-м-а-н н-ә-р-с-е тутпаймыз!...

Олар бир бирине қарасып қалады.

ПЕРДЕ

# Бесинши перде
# Көринис

Б е г д у л л а н ы ң үйи. О р ы н г ү л менен Г ү л м е к е н шай ишип отыр. Келини енесине шай қуйып береди. Сырттан машинаның даўысы еситиледи. Апалақлаўы менен Б е г д у л л а келеди.

БЕГДУЛЛА. Келип қалды, кемпир, келип қалды!

ОРЫНГҮЛ. Не келип қалды?!

БЕГДУЛЛА. Қудағай, қудағай келди!

ОРЫНГҮЛ. Соған да усынша тапырақлап!...

БЕГДУЛЛА. Келин, сен бар, ана жайға барып отыр, шықпа! *(Кемпирине.)* Турсаң-ә сен, не үйелеп қалдың ба?! Оның кешеги пәти болса, келинди әпкетеди!

Г ү л м е к е н кетеди.

ОРЫНГҮЛ. Әкетпек түўе, сотлатып-әм жиберер!

БЕГДУЛЛА. Ҳе, неге сотлатады екен?!

ОРЫНГҮЛ. Дәлбиреклей берме сонда!

БЕГДУЛЛА. Сотлатып-әм бир көрсин!...

ОРЫНГҮЛ. Ҳе-е, сөйтип, сен-әм бир еркек қусап қоқырайыңқыраса — жиллиниң шапанындай жалпылдай бергенше!

Изинде А й м е к е н , пәт пенен Д ә м е т к е н келеди.

БЕГДУЛЛА *(дәлбиреклеп, қолларын созып).* Ассалаўма әлейкум! Аман-есен келдиңиз бе?...

ДӘМЕТКЕН *(Бегдулланың созған қолын қағып жиберип).* Сен қусаған менен сәлемлесейин деп келгеним жоқ! Қыз қәне, қызды тап!

БЕГДУЛЛА. Қызың бар, әдеп бир отырып, дизенди бүксе, қарағым-аў, төрлесе!

ДӘМЕТКЕН. Төрлегендей төриң бар ма өзи?! Адам деген-әм жасай береди екен-аў, малдай боп! *(Үйдиң ишлерине қарап мурнын жыйырады ҳәм дәстурханды нусқап.)* Мынаў — бизди күтип жайған дәстурханыңыз, солай ма? Сизлер қусағанлар-әм дәстурхан жайып, оны журт көрмей қалып, ий-ий!...

ОРЫНГҮЛ. Яғ-аў, бул жаңағы азанғы шайдың дәстурханы-ғо!...

ДӘМЕТКЕН. Сонда не, шайды тек, мына бир пөлке нан менен ишесизлер ме?

ОРЫНГҮЛ. Ҳе, енди не менен ишеди?

ДӘМЕТКЕН. Енди не менен ишеди дейди-ғой-әй мынаў! Ҳаў, бул дәстурханның алма-жүзими, бананы қәне, сары майы қәне, вареньеси менен калбасасы қәне?

ОРЫНГҮЛ. Калбаса, не калбаса?!

ДӘМЕТКЕН. Жейтуғын калбаса да, не калбаса болатуғын еди!

ОРЫНГҮЛ. Яқ, бизлер калбаса жемеймиз! Намазға жығылып жүрген адамлармыз-ғой.

ДӘМЕТКЕН. Аштан өлетуғын жерге қызым жаңа келген екен!...

БЕГДУЛЛА. Тап усы үйде калбасадан көп нәрсе жоқ, қудаға шүкир бәри де табылады. Азымаз отырса, дизенди бүксе, қарағым-аў!...

ДӘМЕТКЕН. Көп сөзди қойың, қәне, қызды табың! *(Орынгүлге.)* Әй, саған айтаман, қызды тапсаң-ә!

ОРЫНГҮЛ. Яқшы, қудағай, яқшы! *(Көрпешени қағып төсейди.)* Ал, мына жерге отыра тур, қудағай! Мен!...

ДӘМЕТКЕН. Әй, мынаўың не?! *(Көрпешесин нусқап көрсетеди.)*

ОРЫНГҮЛ *(албырап).* Көрпеше-ғо!...

ДӘМЕТКЕН. Көрпеше?!... Ҳәзир адамлар сениң бундай шобытыңа отырмақ түўе, ешекке жабыў етпейди. Бар, қызды тап!

ОРЫНГҮЛ. Яқшы онда аўдарып төсейин, астар бети таза шығар. *(Көрпешени аўдарып төсейди.)* Ал, енди отыра-ғо, қудағай, мен шай әкелейин! *(Шәйнеклерди жыйнай баслайды.)*

ДӘМЕТКЕН *(тепсинип).* Қызды тап деймен! Мен, сен қусағанлардың үйинен шай ишейин деп жүргеним жоқ! *(Орынгүлди теўип жибереди.)*

ОРЫНГҮЛ *(жығылған орнынан турып).* Зәҳәрди иш-ә!...

ДӘМЕТКЕН. Не дейди мына ийт ширкин?!...

ОРЫНГҮЛ. Ийт баўырынды тартсын! Ҳе?!...

ДӘМЕТКЕН. Мынаў не дейди-әй, ўәй дийўана!...

Д ә м е т к е н шап берип О р ы н г ү л д и ң шашынан услап алады да, урады. Екеўи бир-бири менен жулысып кетеди.

БЕГДУЛЛА. Қой, қой деймен, кемпир! Қудағай, қой, жиберсе, сениң есиң бар-ғо!

АЙМЕКЕН. Қой, қойса апа, уят болады-ғо! *(Дәметкенниң қолына асылады, ол жибереди.)*

ДӘМЕТКЕН. Усындай адамлар уятты биле ме?!

АЙМЕКЕН. Қой, өйдемесе апа!

ОРЫНГҮЛ. Кемситпе адамды! Азаматым саў болса, сениң урғашындай мың қатын аяғының астында!

ДӘМЕТКЕН. Ҳ-ә-ә, солайма еле! *(Қолын услап турған Аймекенди қағып жибереди.)* Жиберсең-ә! Ўәй дийўана сениң! *(Пәт пенен барып айқасып, Орынгүлди сыпаға жығады, аяғындағы туфлийин шешип алып, басына урады.)* Мине саған «урғашы», мине саған!...

ОРЫНГҮЛ. Ўай-ўай, басым!...

ДӘМЕТКЕН. Ҳә, дийўана ийт сениң, көрсетемен еле көзиңе!

БЕГДУЛЛА. Асқар, ҳә Асқар, апаңның басы жарылды ғой!... *(Кемпирин сүйеп әкетеди.)*

ДӘМЕТКЕН *(Аймекенге).* Бар, машинадан бир шелек бензин әкел, үйин өртеймен!

АЙМЕКЕН. Қойсаң-ә апа! Шектен шығып баратырсаң!!!

ДӘМЕТКЕН *(көрпешелерди, қолына не түссе бәрин зыңғытып жүрип).* Өртеймен, үйиниң тоз-тозын шығарып, өртеймен! Шырпы қайда, шырпы! Өртеймен, от беремен!

АЙМЕКЕН *(бақырып).* Гүлмекен, ҳә Гүлмекен! Бар болсаң тезирек шықсаң-о! Апам үйиңе от берейин деп атыр, шықсаң-о!...

Г ү л м е к е н шығады. Жуўырып барып апасының мойнынан қушақлап жылайды.

ГҮЛМЕКЕН. Апа!... Қойса, апа, ана жан!...

ДӘМЕТКЕН *(Гүлмекенниң көкирегинен ийтерип жибереди.)* Ҳе, енди саған ана керек болып қалды ма?! Қәне, түс алдыма! *(Гүлмекенниң шашынан сүйрейди.)*

ГҮЛМЕКЕН. Мен ҳеш жаққа да бармайман!

БЕГДУЛЛА. Қудағай, усы қоясаң ба, қоймайсаң ба?

ДӘМЕТКЕН. Қоймайман! *(Бегдулланың көкирегинен ийтерип жибереди.)* Әй, барсаң-ә!...

ГҮЛМЕКЕН. Жибер, жибер, апа!

ДӘМЕТКЕН. Ҳ-е, енди бай қәдирли боп қалды ма? Сендей байсыраған қатынға байды өзим таўып беремен, жүр қәне! *(Және сүйрейди.)*

БЕГДУЛЛА *(Дәметкенниң қолына асылып.)* Әй, сениң өзи дениң дурыс па? Жиберсең-ә, өлтиресең-ғо!

ДӘМЕТКЕН. Өлсе — өз перзентим, жуўабын өзим беремен! Барсаң-ә! *(Бегдулланы және ийтерип жибереди, Гүлмекенди шашынан сүйрейди.)*

ГҮЛМЕКЕН. Шашымды жулдың, жибер деймен, апа!

АЙМЕКЕН. Жиберсең-ә, апа! *(Дәметкенниң қолына жабысып, Гүлмекенди жаздырады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Ҳеш жаққа да бармайман! Бул үйден енди мениң өлигим шығады!

ДӘМЕТКЕН. Өлтирип әкетсем де әкетемен! *(Гүлмекенди сүйреп жүреди, Асқар келеди.)*

АСҚАР. Жибериң, апа! *(Дәметкенниң қолына асылады.)*

ДӘМЕТКЕН. Жоқ болсаң-ә!... *(Асқарды енди көрип.)* Ҳаў, бул сен бе?!...

А с қ а р қашады, Д ә м е т к е н қуўады.

АСҚАР. Егер усыннан қоймасаңыз, ҳәзир милиция шақыраман!

ДӘМЕТКЕН. Ўай, жүрегим-жүрегим!... *(Жүрегин услап жығылады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Апа, апажан!

АЙМЕКЕН. Асқар, тез суў әкел!

БЕГДУЛЛА. Астаўпыралла!... Бул дүньяда «тири жүрмен» деўге болмайды-аў!...

ОРЫНГҮЛ. Бәле келер дейсең бе, иши тырысқан шығар!

А й м е к е н Д ә м е т к е н н и ң аўзынан үплеп, жүрегиниң тусынан басып, жасалма дем береди. А с қ а р суў әкеледи. Д ә м е т к е н көзин ашады.

АЙМЕКЕН *(басын сүйеп, суў берип).* Қалайсаң апа?

ГҮЛМЕКЕН. Апа, апа жан!... *(Жылайды).*

БЕГДУЛЛА. Қудағай қалайсаң, тәўирмисең?

ДӘМЕТКЕН. Ўах жаным-әй, үзилип кете жазлады ғой!...

ГҮЛМЕКЕН. Апа, «Тез жәрдем» шақырайын ба?

ДӘМЕТКЕН. Яқ, керек емес. Аймекен, қолтығымнан деме қызым, үйге барып өлейин!

АЙМЕКЕН. Яқшы, апа! *(Демеп турғызады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Апа, баралмайман ғо, мен не қылайын?

ДӘМЕТКЕН. Қайсы ана өз перзентиниң бахытлы болғанын жек көреди? Кимде-ким солай десе, ол бийкар қызым. Мәйли, қала бер, бахытлы болғайсаң!...

БЕГДУЛЛА. Ҳә, әне, жаңа өзиңе келдиң, қудағай!

ДӘМЕТКЕН *(Гүлмекенге).* Жүдә жаман болып баратырсам шақыртарман. Шықпай-ақ қойың, қала бериң!

ГҮЛМЕКЕН. Яқшы апа!

Ҳәмме шығып кетеди, сахнада О р ы н г ү л д и ң бир өзи.

ОРЫНГҮЛ. Ҳә, көкирегинди қара жер басқыр-ә! Көкирегинди қара жер басар, еле сениң! *(Кетеди.)*

ПЕРДЕ

# Алтыншы перде
## Көринис

Д ә м е т к е н н и ң үйи. Стол бурынғыша жайнап тур. Д ә м е т к е н менен Н у р қ ы л ы ш сөйлесип отыр.

ДӘМЕТКЕН. Соннан, ҳә аяғымдағы топлыйымды шешип алып турып, маңлайының жигине ғана бир-екини алдырып едим, кемпири сылқ ете қалды-ғо! *(Күлиседи.)*

НУРҚЫЛЫШ. Ҳе, аўа, ондай адамларға сол керек!

ДӘМЕТКЕН. «Үйинди өртеймен-ә, от беремен-ә» деп салдым бадабатты! Гүлмекен жуўырыўы менен келип, мойныма асылып еди — есикке қарай, ҳә шашынан сүйредим-ғо!

НУРҚЫЛЫШ. Ҳе!...

ДӘМЕТКЕН. Ҳәммеси тәўелле салып атыр. Тәўеллеге туратуғын мен бе, еле сүйреп баратырман! Соннан, қайнаған

суўғагене күйип өлгир күйеў баламыз «Усыннан қоймасаң милиция шақыраман» деди.

НУРҚЫЛЫШ. Ҳаў, яман екен-ғо бала! Ҳе?!

ДӘМЕТКЕН. Усы, «милиция» дегенди еситкеннен, диңке-димарым қурып сала берди!

НУРҚЫЛЫШ. Аўа-дә, онда кейни шатақ болыўы мүмкин!

ДӘМЕТКЕН. Соны сездим де ҳәм бир сумлықты ойлап, «ўах жүрегим»леп, сылқ ете қалдым!

НУРҚЫЛЫШ. Астаўпыралла, сиз де бәле екенсиз-әй, ҳе?!

ДӘМЕТКЕН. Бул дүньяға кеше келди дейсең бе?! Аймекен ғой аўзымнан үплеп, жасалма дем берип атыр. Гүлмекен жылап отыр. Аздан соң өзиме келген болып көзимди аштым. Ҳәммеси қорқып қалған, кеўлимди сорап, пәрмана болып атыр. Гүлмекенди аяған болдым, бахыт тилеген болдым. «Қала бер қызым, жүдә жаман болып баратырсам, шақыртарман» дедим. *(Күледи.)*

НУРҚЫЛЫШ. Маладес!... Сумлығынды мен түсиндим. Жаңа «Гүлмекенге биреўди жибердим» деп пе единиз?

ДӘМЕТКЕН. Яғаў, телефоннан қоңсы ҳаял болып өзим зыбанладым. Телефонды ғаррысы алды, оны да қатырдым. «Гүлмекен тез жетсин, апасы қатты болып атыр, жүреги және тутып қалды» деп жүдә сулқыйттым!

Күлиседи.

НУРҚЫЛЫШ. Рахмет, турдым сизге! Усы ислеримиздиң кеўилдегидей болып аяқланыўы ушын және бир қуйып жиберейин бе?

ДӘМЕТКЕН. Бул дүньяның не былығын көрмей атырмыз, қуй, қарағым!...

Н у р қ ы л ы ш коньяк қуяды, екеўи де ишип қояды.

НУРҚЫЛЫШ. Ал, Дәметкен апа, ендиги жағы қалай болады?

ДӘМЕТКЕН. Гүлмекен де келип қалатуғын ўақты болды. Былай қыламыз ...

НУРҚЫЛЫШ. Қалай?

ДӘМЕТКЕН. Мен ҳәзир кетемен. Былайрақ шығып, Гүлмекен үйге киргенше бақлап тураман. Ол үйге киргеннен кейин, сөйлесип болды-аў деген шамада-ярым сааттан өтиңкиреп айланып келемен.

НУРҚЫЛЫШ. Ярым саатта, келисип үлгерер ме екенбиз бала?!

ДӘМЕТКЕН. Үлгересең! Бирақ, анаў-мынаў болмасын, қарағым, ҳәммеси жақсы сөз, келисим дегендей ... Пәкизе, арзасын жаздырып ал, яқшы ма?

НУРҚЫЛЫШ. Яғ-әй, ол болмайды апа, болмайды!

ДӘМЕТКЕН *(түксийип).* Ҳе, неге болмайды?

НУРҚЫЛЫШ. Арза жаздырып алыўдың өзине бир сааттан көп ўақыт керек. Ақыры, оны жазса, күйеўиниң сотланатуғынын биледи-дә! Соның ушын көндириў керек, алдарқатыў керек!...

ДӘМЕТКЕН. Яқшы, бир саатлардан айланып келемен.

НУРҚЫЛЫШ. «Апам қаяқта?» десе не деймен?

ДӘМЕТКЕН. Укол салдырыўға кетти, ҳәзир келеди де!

НУРҚЫЛЫШ. Айтпақшы, кешеги қояншық қаяқта?

ДӘМЕТКЕН. Аймекен бе? Оннан қәтержам бола бер, «Бир жумысларым бар» деп районға кетти. Келмейди.

НУРҚЫЛЫШ. Әне, сол яман!

ДӘМЕТКЕН. Ал, Нурқылышжан, мен кеттим. Ҳәммеси кеўилдегидей болғай, әйтеўир.

Д э м е т к е н кетеди, Н у р қ ы л ы ш оның изинен қарап күлип турады.

НУРҚЫЛЫШ. Қызың келе берсин, ҳәммесин кеўилдегидей етемиз!... Негедур, мен Аймекеннен сескенип турыппан. Тап ишиме кирип шыққандай, қалай ол ойымдағыны билип алды екен? Я, тың-тыңлап жүрип еситти ме? Я қупыя-магнитофонға жазып алдыма екен? Билмедим, ақылым ҳайран. «Қатын сырынды алса, Қудай қырынды алады» деген. Бул талаптан ўаз кешсем бе екен?

Бул «дело»ны басқа биреўге ысырып жиберсембекен? Жоқ!!! Мен дегенимди дегендей, изине шуқшыйып түсип, әмелге асырыўға әдетленгенмен. *(Ойланып.)* «Интуиция, интуиция» дейди бул қаншық! Сонда сениң интуицияң не деп тур, Нурқылыш? «Өлимиң усы қыздан болады» дей ме? Бағана қолымдағы пышаққа қарап «Бизлер жаман нәрсе тутпаймыз!...» деўин көрдиң бе! Әй, яғ-ей! Қартайып баратырсаң, Нурқылыш, қартайып! Ҳаўлығатуғын, албырайтуғын болыпсаң-ей! Қой, адамның диңкесин қурытатуғын бундай биймаза ойларды, мынаў жуўып кетсин!

Арақ қуйып ишейин деп атырғанда Г ү л м е к е н келеди.

ГҮЛМЕКЕН *(қәўетерленип).* Апам қаяқта?

НУРҚЫЛЫШ. Ҳаў, Гүлмекен кел, кел! Апаң жақсы, жаңа тосаттан бир жумысы шығып қалып, бир жаққа кетти!...

ГҮЛМЕКЕН. Ҳаў, бизиң үйге «Жүреги қайтадан тутып қалды» деп қоңсы ҳаял қоңыраў етипти-ғо!

НУРҚЫЛЫШ *(ҳәзил-күлки менен).* Ҳе, аўырған адам тәўир болмайды деппең? «Ал аға, сондай да-сондай, жәрдем етпесең аҳўал шатақ» деп, Аймекен бизге де хабарлады. Дәметкен деген өзимиздиң апамыз ғо! Жаным төзбеди, дәрриў докторларға хабарласып, кимисин қәтере менен, кимисин пул менен алдыма салып, айдап келдим. *(Көкирегине урып.)* Абырайың, я пулың болмасын — сол врачлар үйиңе келип емлемек түўе, сәлеминди де алмайды! Келе сала ҳәммеси жабылып көрип атыр. Үш-төрт укол салды. Ишиндеги бир қасқа басы: «Енди ештағымайды, қыйланбасын, қыйланса ис шатақ» деди. Соннан азымаз өткеннен кейин шай ишип, дем алып, жақсы боп кетти. Енди келип те қалар-аў. Ҳаў, неге тикейип турсаң, отыр, отырса Гүлмекен!

ГҮЛМЕКЕН *(отырып).* Уҳ-ҳҳ!... Сизге мың да бир рахмет, Нурқылыш аға!

НУРҚЫЛЫШ. Ҳаў қарағым-аў, усындайда жәрдемимиз тиймесе қалай болады!

Г ү л м е к е н сезикленип столдың үстине қарайды, Н у р қ ы л ы ш оны байқап қалып, коньяк қуяды.

НУРҚЫЛЫШ. Асыққаннан столын да жыйнамай кетиптаў. «Қуўыс үйден қуры шықпа» деп, жаңа врачларға қыттай-қыттай жутқызып жиберип едик-ғо! *(Гүлмекенге коньяк усынып.)* Гүлмекен, ал қарағым, апаңның ден-саўлығы ушын ишип қояйық!

ГҮЛМЕКЕН. Рахмет, Нурқылыш аға, маған болмайды-ғо!...

НУРҚЫЛЫШ. Бай-ба-й!... Солай екен-аў еле. Келин болып түскениң кеше, текедей сасып барсаң!... *(Өз сөзине кеўли толып ўарқылдап күледи.)* Ишпегениң дурыс, мәйли, апайдың ден-саўлығы ушын!... *(Ишип қояды.)*

ГҮЛМЕКЕН *(орнынан турып).* Яқшы онда, мен қайтаман. Апама «келип кетти» деп айтарсыз. *(Кетпекши болады.)*

НУРҚЫЛЫШ *(оны иркип).* «Мен келгенше кетпесин, сөйлесетуғын сөзим бар» деп кетти апаң. Енди келип қалар, азымаз күте-ғо. *(Гүлмекен отырады, Нурқылыш қағаз-қәлем береди.)* Енди болмаса умытып баратыр екенмен: «арза жаздырып қой» деп еди, мә жаз!

ГҮЛМЕКЕН. Не арза?

НУРҚЫЛЫШ. Ўәй, әйтеўир бир нәрсе-аў!

ГҮЛМЕКЕН. Не деп жазамыз сонда?

НУРҚЫЛЫШ. Былай деп жазасаң: «Қалалық прокурор Нурқылыш Балтабаевқа мен... усы үйдиң адресин жазасаң... жасаўшы Бердамбетова Гүлмекеннен арза» дейсең. Соңынан кешеги кеткен күниңниң сәнесин көрсетип, ана баланың атын, фамилиясын жазып, «мени зорлап алып қашты» де де қолынды қоясаң. Тамам!

ГҮЛМЕКЕН *(тиксинип).* Ҳаў, мен өз ерким менен кеттим-ғо. ... Яқ, жазбайман!

НУРҚЫЛЫШ. Гүлмекен, жаз қарағым жаз, болмаса апаңның жүреги және тутып қалыўы мүмкин. Оннан соң — тамам!

ГҮЛМЕКЕН. Апам ол арзаны не қылады екен сонда?

НУРҚЫЛЫШ. Не қылып, не қылатуғын еди, тек ана

қудаларына мәзи бир абай-сиясат шығар!

ГҮЛМЕКЕН. Яқ, жазбайман! *(Орнынан турады.)* Мени ондай сиясатларыңызға араластырмаң!

НУРҚЫЛЫШ. Жаз, қарағым, жаз, болмаса изи шатақ болады! *(Оның алдын тосады.)*

ГҮЛМЕКЕН. Жазбайман, былай тур, алдымды кеселемең!

НУРҚЫЛЫШ. Гүлмекен, ырасын айтайын. ... Мен саған үйленежақпан, апаң менен де келисип қойыппан. Ол баланың я пулы, я абырайы жоқ, оның менен қор боласаң! Мениң менен жәннет те жасайсаң жәннет те! Муҳаббат деп жүрсең-ғо, сен еле турмысты түсинбейсең, жассаң! Усы дүньяда муҳаббат бар ма? Муҳаббат мине, мине! *(Қалтасынан пулларды алып көрсетеди.)* Мине, булар — муҳаббат, булар — жәннет! Бу дүньяда пулсыз ҳеш нәрсе болмайды!

ГҮЛМЕКЕН. Ҳ-ә, енди түсиндим!...

НУРҚЫЛЫШ. Олай деме Гүлмекен, мен сени бахытлы етемен! Ал, усы пуллардың бәри сеники, ал!

ГҮЛМЕКЕН. Маған сениң ҳарам пулларың керек емес, ҳарамзада, ийт сениң! *(Кетпекши болады.)*

НУРҚЫЛЫШ *(алдын кес-кеслеп).* Сен маған «ийт» дедиң, я?! Ҳәзир өзиңе ийт қылығын көрсетип, ананды түрмеде ширитемен!

ГҮЛМЕКЕН *(шегиншеклеп).* Қолыңнан келсе аяма, ҳарамзада! *(Есикке қарай жүреди, Нурқылыш оны услап қалады.)*

НУРҚЫЛЫШ. Саған «ҳарамзада»ны көрсетемен ҳәзир!

Г ү л м е к е н д и диванға жығып, бығырлатып атады. Сырттан А й м е к е н келеди.

АЙМЕКЕН *(даўысы қалтырақлап).* Усындай боларын билип едим-аў!... *(Столдың үстинен пышақты алып.)* Жаныңның барында қой ҳәзир! *(Оған жақынласады.)*

НУРҚЫЛЫШ *(артына бурылып, оны көрип).* Ҳаў!... Ўәй, саллақы сениң!...

Нурқылыш Г ү л м е к е н н и ң үстинен турып атырғанда, А й м е к е н оған пышақ урады.

## Музыка

АЙМЕКЕН. Мине, сениң ҳеш нәрсеге тоймаған көзиң, енди тояды!

А й м е к е н пышақты суўырып алады, Н у р қ ы л ы ш тилге келмей қулайды. Қыз пышаққа бираз қарап турады да, өзине урады. Қас қағымда болып өткен бул иске қатып қалған Г ү л м е к е н А й м е к е н н и ң жанына жуўырып жетип барады.

ГҮЛМЕКЕН. Әжа-па!... *(Жылайды.).*
АЙМЕКЕН. Енди сен жылама, жа-са!

А й м е к е н жығылады.

ГҮЛМЕКЕН. Әжа-па!...

А й м е к е н сылқ етип өледи, Г ү л м е к е н талып қалады. Сырттан Д ә м е т к е н келип, сулайып атырған қызларын көреди.

ДӘМЕТКЕН. Ҳаў!... *(Аймекенниң геўдесиндеги пышақты көрип.)* Пышақ!... Өл-ген!... Мениң қызым, айдай қызым ... *(Нурқылышты көреди, қасына барып үңиледи.)* Нурқылыш ғой!... *(Сазырайып турады, турады, соңынан жилли сүрейленип.)* Яқ, бул ол емес, прокурор өлмейди! Нурқылыш дигирманның тисинен де тири шығатуғын адам. Оны өлтириў, ҳеш кимниң қолынан келмейди!... Яа-ақ, бул — бизиң баяғы Жоллы ғой. Ўаў-ўаў *(Ийт болып үре баслайды.)* Бийшара көпегим-ай, сен-әм өлипсең-аў... Ўаў-ўаў!... Ўаў-ўаў.

Г ү л м е к е н есине келеди. Ол А й м е к е н н и ң өли денесине, соңынан анасының ҳәрекетлерине шала жансар болып қарап отырады.

ДӘМЕТКЕН *(жоқары қарап).* Ҳаў, пул, аспаннан пул жаўып атыр!... Яшақай! Пул, пуллар, көп пуллар!... Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!... *(Жоқарыға қолын тутады, соңынан алақанына қарайды.)* Ҳаў, жоқ!... Пуллар жоқ!... *(Алақанын үплейди.)* Уф-ф!... Пул емес үпелек, үпелек! Уф-фф! Үпелек! Бәри үпелек! Уф-ффф!... Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!... Сомлар, теңгелер, долларлар — әне, терезеден сыртқа ушып кетти! Ҳәзир барып алып келемен. Ўаў-ўаў-ўа-ўаў! *(Ийттей болып үрип, төрт аяқлап, есиктен сыртқа шығып кетеди.)*

Г ү л м е к е н орнынан турады.

ГҮЛМЕКЕН. Әй, ялғаншы дүнья, бул не көргилик! Не жазығым бар еди мениң саған?!...

Өкирип жылап жибереди. Гүлмекенниң зарлы даўысы қайғылы музыкаға уласып кетеди.

ПЕРДЕ.

ТАМАМ.

Август-сентябрь, 2009 жыл.